सोझ खबरि निष्पक्ष विचार... राष्ट्रीय दैनिक मैथिली अखबार...

# मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश



पेज-12



पेज-01

वर्ष - 01, अंक -17 | 11 जनवरी 2022, मंगल | पूस इजोरिया, नवमी | विक्रम संवत 2078 | दाम ₹ 4 टाका | पृष्ठ 12

### घर मे गेलाह एकांतवास मे, ट्वीट कए देलनि जानकारी

# मुख्यमंत्री नीतीश आ रक्षामंत्री राजनाथ भेलाह कोरोना संक्रमित

### मुख्यमंत्री सभ सँ कोविड अनुकूल सावधानी अपनेबाक अपील कयलनि अछि

**पटना** | समदिया

बिहारक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कोरोना संक्रमित भए गेल छथि। चिकित्सक परामर्श पर ओ घर मे एकांतवास (आइसोलेशन) मे छथि। मुख्यमंत्री सभ सँ कोविड अनुकूल सावधानी अपनेबाक अपील कयलनि हैं। मुख्यमंत्री कार्यालय द्वारा सोम दिन ट्वीट कए इ बात जनौल गेल। मुख्यमंत्री कार्यालयक ट्वीट मे कहल गेल अछि कि मुख्यमंत्री कोरोना जाँच मे पॉजिटिव पाओल गेलाहे।

ज्ञात होय कि एहि सँ पहिले प्रदेशक दुनू उप मुख्यमंत्री तारकिशोर प्रसाद आ रेणु देवी सहित कए टा मंत्री सेहो कोरोना पॉजिटिव भए गेल छलाह। एहि तरहे कोरोना मंत्रिमंडलक कए टा सदस्य के अपना चपेट मे ल' लेलक। 5 जनवरी के दुनू उप मुख्यमंत्री ट्वीट कए कोरोना पॉजिटिव होयबाक सूचना देने छल। बिहार भाजपा सँ केंद्रीय राज्यमंत्री अश्विनी चौबे आर नित्यानंद राय सेहो कोरोना पॉजिटव भए गेल छथि।

एहि के अतिरिक्त विधान परिषदक कार्यकारी सभापति अवधेश नारायण सिंह समेत राज्य सरकारक मंत्री सभ मे अमरेंद्र प्रताप, शाहनवाज हुसैन, अशोक चौधरी, सुनील कुमार, मुकेश सहनी सेहो कोरोना पॉजिटिव भए गेल छथि। जदयू के राष्ट्रीय अध्यक्ष ललन सिंह कोरोना जांच मे निगेटिव भए गेल छथि। ललन सिंह 4 जनवरी के सूचना देने छलाह कि ओ पॉजिटिव भ' गेल छथि।

### उप मुख्यमंत्री तारकिशोर आ रेणु देवी सहित कतेको मंत्री सेहो छथि पॉजिटिव





### उप मुख्यमंत्री कयलनि शीघ्र स्वस्थ होयबाक कामना

उप मुख्यमंत्री तारकिशोर प्रसाद मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के कोरोना संक्रमण सँ शीघ्र स्वस्थ होयबाक कामना कयलनि हैं। मुख्यमंत्री कार्यालयक पोस्ट के टैग करैत उप मुख्यमंत्री सोम दिन सांझ के ट्वीट कयलनि कि हम ईश्वर सँ प्रार्थना करैत छी कि अहाँ शीघ्र सँ शीघ्र स्वस्थ भ' जाउ। विदित होय कि तारकिशोर प्रसाद करोना संक्रमित छलाह आओर शनि हुनक रिपोर्ट निगेटिव आयल अछि।

### रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कोरोना संक्रमित, लक्षण साधारण

**दिल्ली** | रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कोरोना संक्रमित भ' गेल छथि। सोम दिन ओ ट्वीट कए स्वयं एहि बातक जानकारी देलन्हि। रक्षामंत्री बतौलनि कि हुनका कोरोना के साधारण लक्षण अछि आओर अखन ओ घर पर क्वारेंटाइन छथि। ओ अपना संपर्क मे आयल लोक सभसँ टेस्ट करयबाक आओर क्वारैंटाइन होयबाक अपील कयलनि। राजनाथ सिंह एहि बरख मार्च मे कोरोना वैक्सीन के पहिल डोज लेने छलाह। राजनाथ सिंह ओहि दिन ट्वीट कए कहने छलाह कि, ''बस भए गेल। आरआर अस्पताल मे आइ कोरोना वैक्सीनक पहिल डोज हमरा लगाओल गेल। एहि द्वारा देश के कोविड-19 मुक्त बनएबाक भारतक संकल्प मजबूत भए गेल अछि। वैक्सीन पुरा तरहे सुरक्षित आओर परेशानी मुक्त अछि।''जखन रक्षामंत्री टीका के पहिल डोज लेने छलाह तखन कोविशील्ड आओर कोवैक्सिन दुनू के डोज 28 सँ 42 दिनक अंतराल पर देल जा रहल छलैक। एहन मे मानल जा सकैत अछि कि राजनाथ सिंह के कोरोना वैक्सीनक दोसर डोज अप्रैल में लागि गेल हेतन्हि। एकर अर्थ इ अछि जे कोरोना टीका के दोसर डोज लेलाक लगभग न महीना के बाद ओ फेर संक्रमित भ' गेल छथि।

## पांच सूत्री मांगक समर्थन मे जाप रोकलक रेल, सरकारक विरोध मे लगौलक नारा

**मधुबनी** | समदिया



मधुबनी रेलवे स्टेशन पर रेल रोकैत जाप कार्यकर्ता।

पांच सूत्री मांगक समर्थन मे जाप द्वारा सोम कें राज्य भरि मे 'रेल रोको आंदोलन' चलाएल गेल। राज्य भरि मे विभिन्न जगह पर अपन मांगक समर्थन मे जाप कार्यकर्ता सभ द्वारा रेल रोकल गेल आ केंद्र आ राज्य सरकारक विरोध मे नारा लगाओल गेल। मधुबनी मे ऐ आंदोलनक नेतृत्व प्रकाशचंद्र झा केलनि। ऐ अवसर पर श्री झा कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकारक जन विरोधी नीति सं लोक सभ तंग आगि चुकल अछि।

जापक पांच सूत्री मांग मे एमएसपी लागू करब, उर्वरक केर समुचित व्यवस्था करब, पंचायत वार्ड सदस्य कें पूर्ण बहाली करब, बिहार कें विशेष राज्यक दर्जा देब आ नव निर्वाचित जनप्रतिनिधि कें सुरक्षा प्रदान करबाक मांग अछि। ऐ आंदोलन मे बृजकिशोर यादव, मनोज घोष, कौशल यादव, राजीव, मनीष यादव, रमण केशरी, नीरज कुमार, दिनेश यादव, इंद्रदेव यादव, इंदल यादव आदि भाग लेलनि।

### सोनू सूदक बहिन कांग्रेस मे सरीक भेलीह

**चंडीगढ़** | बॉलीवुड अभिनेता सोनू सूदक बहिन मालविका सच्चर सोम दिन कांग्रेसक सदस्यता ग्रहण कयलनि। पंजाबक मुख्यमंत्री चरणजीत चन्नी आओर पंजाब मे कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष नवजोत सिंह सिद्धू सोम दिन दुपहर मोगा पहुँचलाह आओर मालविका सूद सच्चर के औपचारिक रूप सँ पार्टी के सदस्यता देलखिन्ह। मुख्यमंत्री चन्नी आओर सिद्धू सोनू सूदक घर प्रेस कांफ्रेंस कए मालविका सच्चर के मोगा सँ कांग्रेसक प्रत्याशी घोषित कए देलनि। एहि के बाद मोगा के कांग्रेस विधायक डॉ. हरजोत कमल के समर्थक सभ एहि के विरुद्ध नारा लगाब' लागल। हालांकि चन्नी घोषणा कयलनि कि विधायक कमल के पार्टी मे नीक पद देल जायत।

## टिकैत योगी कें मुजफ्फरनगर सँ चुनाव लड़ै लेल देलनि चुनौती

**लखनऊ** | उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव तिथि के घोषणा के बाद भारतीय किसान यूनियनक नेता राकेश टिकैत चुनाव के लए क' अपन बयान द' रहल छथि। एकटा समाचार चैनल के इंटरव्यू दैत टिकैत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मुजफ्फरनगर सँ चुनाव लड़ैक चुनौती देलखिन्ह। ओ राम मंदिर मुद्दा पर सेहो टिप्पणी कयलनि।

राकेश टिकैत राम मंदिरक प्रश्न पर बजलाह कि मंदिर किएक बनाओल जाए। ओहि के बदला मे स्कूल आओर हॉस्पिटल किएक नहि बनाओल गेल? भाजपा कि पार्टी कोष सँ मंदिर बनवा रहल अछि? मंदिर त' गामे-गामे बनल अछि।

टिकैत मुख्यमंत्री योगी के विषय मे बजलाह कि ओ अस्पताल बनाबै के काज करथि। बेरोजगारी के प्रश्न उठाबैत टिकैत बजलाह कि दरोगा भर्ती के लेल अभ्यर्थी बान्ह पर लाठी खा रहल अछि। हुनका सभक विवाह नहि भए रहल छन्हि। सरकार ओहि युवा सभके रोजगार दए के काज करए। ओ बजलाह कि मंदिर त' गामक लोक चंदा जमा कए बना लैत अछि। सभ धार्मिक स्थल बनि रहल अछि। सरकारक काज मंदिर निर्माण नहि विकास अछि। टिकैत बजलनि कि मंदिर भावना भड़काबै के काज करैत अछि। मंदिर, मस्जिद, जिन्ना आओर हिंदू-मुसलमानक मुद्दा पर वोट हथिएबाक काज कैल जाइत अछि।

## ओपिनियन पोल : यूपी मे फेर पताका फहराओत भाजपा, 235 तक सीट जीत सकैत अछि

### सपा 145 सँ 157 सीट पर अटकि जायत त' बसपा मात्र 8 सँ 16 तक पहुँचत

**लखनऊ** | समदिया

उत्तर प्रदेश मे होम' जा रहल विधानसभा चुनाव मे उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक बेर फेर विजय दर्ज करैत नजरि आबैत छथि। सीवोटर आओर एबीपी न्यूजक ताजा ओपिनियन पोलक मोताबिक यूपी मे बीजेपी के 223 सँ 235 सीट पर जीत भेट सकैत अछि। अखिलेश यादव के नेतृत्व मे समाजवादी पार्टी 2017 सँ बहुत बढ़त मे छथि, मुदा ओ सत्ता सँ दूर रहि सकैत छथि। सपा के 145 सँ 157 सीट भेटैत नजरि आबि रहल अछि। बसपा के हालत खराब अछि। पार्टी के मात्र 8 सँ 16 सीट पर संतोष करह पड़ि सकैत छैक। कांग्रेसक जिम्मा मात्र 3 सीट जाइत देखा रहल अछि। ओपिनियन पोलक मोताबिक बीजेपी गठबंधन के 42 प्रतिशत वोट शेयर भेटत। सपा के 33 प्रतिशत त' बसपा के 13 प्रतिशत वोट भेटैक संभावना अछि। कांग्रेस के 7 प्रतिशत वोट भेटबाक बात कहल गेल अछि। किसान आंदोलन सँ बीजेपी के खिलाफ उपजल कथित नाराजगी के बावजूद पश्चमी उप्र मे भाजपा सबसँ बेसी सीट जीत सकैत अछि। सर्वेक अनुसार बीजेपी गठबंधन पश्चिम उप्र के 136 सीट म' सँ 71 सँ 75 सीट जीत सकैत अछि।। सपा के 53-57 सीट आओर बसपा 4 सँ 6 सीट आओर कांग्रेस 1 सँ 3 सीट जीत सकैत अछि। पूर्वांचलो मे भाजपा के बढ़त अछि मुदा सपा के पहिले सँ बेसी वोट भेटैत नजरि आबि रहल अछि। पूर्वांचल मे भाजपा के 66 सँ 70 सीट जीत सकैत अछि।। सपा 48-52 सीट पर कब्जा क' सकैत अछि। बसपा 5-7 आओर कांग्रेस 3 सँ 5 सीट पर जीत हासिल कए सकैत अछि। अवध आओर बुंदेलखंड मे सेहो भाजपा बढ़त मे देखाइ पड़ि रहल अछि।

### प्रत्याशी चयनक लेल भाजपाक बैठक आइ

**दिल्ली** | उत्तर प्रदेश मे प्रत्याशी के घोषणा करबाक लेल भारतीय जनता पार्टी के पैघ नेता सभक मंगल दिन दिल्ली मे बैठक होयत। एहि के बाद सूची जारी कैल जायत। एहि बैठक मे उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, उप मुख्यमंत्री डॉ. दिनेश शर्मा, महामंत्री संगठन सुनील बंसल, प्रदेश प्रभारी राधामोहन सिंह सहित बहुत रास पैघ नेता सभ भाग लेताह। उम्मीद कैल जा रहल अछि कि एकरा बाद भाजपा कखनहुँ अपन प्रत्याशी सभक नामक घोषणा कए सकैत अछि।

## पीएम सुरक्षा मामला : सुप्रीम कोर्ट लगौलक केंद्र आओर पंजाब सरकारक जाँच पर रोक

### मामिला के जाँचक लेल सुप्रीम कोर्टक करत उच्च स्तरीय समिति के गठन

**दिल्ली, समदिया।**

पंजाब मे प्रधानमंत्री के सुरक्षा मे चूकक जाँच आब सुप्रीम कोर्ट द्वारा गठित उच्च स्तरीय समिति करत। एहि समिति के अध्यक्षता सुप्रीम कोर्टक रिटायर्ड जज करताह। सोम दिन मामिला के सुनवाइ करैत उच्चतम न्यायालय केंद्र आओर पंजाब सरकार द्वारा कैल जा रहल जाँच पर रोक लगा देलक। उच्चतम न्यायालय कहलक जे ओ शीघ्र एहि विषय मे आदेश जारी करत। सुनवाइ के क्रम मे सुप्रीम कोर्ट केंद्र सरकारक कार्रवाई पर सेहो सवाल उठौलक। एहि मामिला के सुनवाई प्रधान न्यायाधीश जस्टिस एम.वी. रमना आओर जस्टिस हिमा कोहली के पीठ सुनवाइ कैलक।

सुनवाइ के क्रम मे पीठ केंद्र सरकार सँ कहलक कि अहाँ कारण बताओ नोटिस जारी कयने छी, जे पुरा विरोधाभासी अछि। पीठ केंद्र सरकार सँ कहलक कि अहाँ राज्य के मुख्य सचिव आओर डीजी को दोषी मानैत छी। मुदा हुनका दोषी के ठहरौलक? हुनकर पक्ष के सुनलक?

कोर्ट कहलक कि पिछला सुनवाइ मे हम केंद्र आओर पंजाब सरकार दुनू के कोनो तरहक एक्शन लए सँ मना कयने छलहुँ। केंद्र सरकार एकरा बादो एसएसपी के नोटिस भेजि देलक। केंद्र सरकार सँ एकर अपेक्षा नहि छल। कोर्ट केंद्र सरकार सँ कहलक कि अहाँक तर्क सँ लागि रहल अछि जे अहाँ पहिले सँ इ मानि क' आयल छी कि एहि मे के दोषी अछि। तखन फेर कोर्ट किएक अयलहुँ? एक दिसन अहाँ एसएसपी के नोटिस भेजैत छी, दोसर दिस कोर्ट मे हुनका दोषी सेहो बता रहल छी। इ कोन बात भेल? जाँचक बाद भए सकैत अछि जे अहाँक बात सत्य निकलए, मुदा अखन अहाँ इ कोना कहि सकैत अछि। जखन केंद्र सरकार अनुशासनात्मक आओर दंडात्मक कार्रवाई शुरू कए चुकल अछि तखन ओ हमरा सँ कोन आदेश चाहैत अछि?

कोर्ट मे अपन पक्ष राखैत पंजाब सरकारक वकील डीएस पटवालिया बजलाह कि केंद्रक दिसन सँ पंजाब सरकार के निष्पक्ष सुनवाइ के मौका नहि देल गेल।

### नववर्ष पर पीएनबी देलक ग्राहक सभकें झटका, सुविधा सभक शुल्क बढ़ौलक

**दिल्ली** | नव वर्ष पर पंजाब नेशनल बैंक ग्राहक सभ के पैघ झटका देलक। बैंक 15 जनवरी सँ कैक टा सुविधाक लेल बेसी पैसा वसूलत। पंजाब नेशनल बैंकक वेबसाइट के अनुसार आब खाताधारक के अपना खाता मे न्यूनतम 10,000 रुपैया राखह पड़तनि। एहि सँ पहिने सीमा 5,000 रुपैया छल। खाता मे 10 हजार रुपैया सँ कम रहला पर महानगरक खाताधारक सँ बैंक 600 रुपैया प्रति तिमाही दर सँ शुल्क ओसुलत। पहिले इ चार्ज 300 रुपैया छल। ग्रामीण क्षेत्रक खाताधारक अपना एकाउंट मे न्यूनतम राशि नइं रखताह त' हुनका 400 रुपैया प्रति तिमाही शुल्क देबह पड़तनि। पहिले इ शुल्क 200 रुपैया छल।

पीएनबी आब गाम आओर शहर दुनू जगह लॉकर सुविधाक लेल बेसी पैसा लेत। शहरी क्षेत्र मे बैंक लॉकर शुल्क में 500 रुपैया के वृद्धि कैल गेल अछि। एकर अतिरिक्त 15 जनवरी सँ बैंक लॉकरके फ्री विजिट 15 सँ घटि के 12 भ' जायत। एहि के बाद प्रति विजिट 100 रुपैया देबह पड़त। यदि कोनो ग्राहक चालू खाता खोलि के ओकरा 14 दिनक भीतर बंद करत त' 800 रुपैया शुल्क देब' पड़तनि।

### शेयर बाजार चमकल निफ्टी 18 हजार सँ ऊपर

**दिल्ली** | बंबई स्टॉक एक्सचेंजक संवेदी सूचकांक सेंसेक्स सोम दिन 650 अंक से अधिक ऊपर बढ़ि के 60 हजारक स्तर के पार कए गेल। ओम्हर दिल्ली के नेशनल स्टॉक एक्सचेंजकनिफ्टी 18,000 अंक सँ ऊपर बंद भेल। तेसर तिमाही के वित्तीय परिणाम अयला सँ पहिले आईटी आओर वित्तीय कंपनी के शेयर के खरीदारी बढ़ला सँ बाजार मे तेजी आयल। बाजार मे शुरुआती कारोबार सकारात्मक स्तर पर शुरू भेल आओर 30 शेयर पर आधारित सेंसेक्स एक समय दिनक उच्चतम स्तर 60,427.36 अंक तक चलि गेल।

### ओपिनियन पोल : उत्तराखंड मे भाजपा आओर कांग्रेस मे बराबरि के टक्कर

**देहरादून** | पाँच राज्य मे विधानसभा चुनावक घोषणा के बाद विभिन्न एजेंसी आ मीडिया समूल द्वारा ओपिनियन पोल सर्वे कैल जा रहल अछि। एहि क्रम मे उत्तराखंड मे कैल गेल एकटा ओपिनियन पोलक अनुसार एहि राज्य मे भाजपा आओर कांग्रेस मे बराबरि के टक्कर अछि। आओर चुनाव परिणाम कोनो दिस जा सकैत अछि। ओना एहि राज्य मे बहुत दिन सँ एक बेर कांग्रेस त' एक बेर भाजपा के सरकार बनै के परंपरा देखल जा रहल अछि। हालांकि आबै वला चुनाव मे भाजपा के पुष्कर सिंह धामी अपन कुर्सी बचा पओताह अथवा कांग्रेसक हरीश रावत विजय पताका फहरेताह एकर निर्णय त' 10 मार्च के मतगणनाक बाद भेटत। उत्तराखंड मे सभ सीट पर 14 फरवरी के मतदान होयत। सीवोटर आर एबीपी न्यूज द्वारा कैल गेल ओपिनियन पोलक परिणाम कहैत अछि कि भारतीय जनता पार्टी आओर कांग्रेस मे करिगर मुकाबला अछि। ओपिनियन पोलक अनुसार भाजपा 31 सँ 37 सीट जीत सकैत अछि, त' कांग्रेस 30 सँ 36 सीट जीत सकैत अछि। जखन कि केजरीवालक आम आदमी पार्टी 2 सँ 4 सीट पर सिमटि कए रहि सकैत अछि।

### मजीठिया के जाँच मे सहयोग करबाक आदेश, काल्हि हेताह एसआईटीक समक्ष पेश

# ड्रग तस्करी केस मे विक्रम मजीठिया कें हाईकोर्ट सँ भेटल अग्रिम जमानत

**चंडीगढ़** | समदिया






नशा तस्करी केस में अकाली नेता बिक्रम मजीठिया के पंजाब-हरियाणा हाईकोर्ट सँ अग्रिम जमानत भेट गेल अछि। हाईकोर्ट मजीठिया याचिका स्वीकार करैत जाँच मे सहयोगक आदेश देलक। मजीठिया के अग्रिम जमानत पंजाब सरकारक लेल पैघ झटका मानल जा रहल अछि। मजीठिया के वकील डीएस सोबती जनौलनि कि मजीठिया बुध दिन भोरे 11 बजे एसआईटी के समक्ष जाँच मे शामिल हेताह। एडवोकेट सोबती दोहरौलनि कि इ राजनीतिक प्रतिशोधक मामिला थिक।

मजीठियाक विरुद्ध मोहाली मे एनडीपीएस कानूनक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल छल। एहि मामिला मे मजीठिया पहिले मोहाली के जिला अदालत मे याचिका दायर कए अग्रिम जमानत मंगने छलाह। मोहाली के न्यायालय सँ याचिका अस्वीकृत भेला के बाद मजीठिया हाईकोर्टक शरण लेलक। मजीठिया याचिका मे कहलनि कि हुनका विरुद्ध प्राथमिकी राजनीतिक दुर्भावना सँ दर्ज कराओल गेल अछि।

राज्य मे सत्ताधारी दल विधानसभा चुनाव मे एकर लाभ लए के लेल इ काज केलनि हें। ओतए पंजाब सरकारक दिसन सँ कहल गेल कि केस तथ्यक आधार पर दर्ज कैल गेल अछि आओर मजीठिया सँ पूछताछ जरूरी अछि। पंजाब सरकार हाईकोर्ट सँ अपील कयने छल कि मजीठिया के अग्रिम जमानत याचिका खारिज कैल जाए।

याचिका पर 30 दिसंबर के फिजिकल सुनवाई मे मजीठिया के वकील मुकुल रोहतगी उपस्थित नइं छलाह। तेँ सुनवाई 5 जनवरी के राखल गेल छल। ओहि दिन हाईकोर्ट मे वीडियो कान्फ्रेंसिंगक माध्यम सँ सुनवाइ भेल छल। ओहि दिन मजीठिया के दिसन सँ मुकुल रोहतगी आओर पंजाब सरकारक दिसन सँ सुप्रीम कोर्टक वरिष्ठ अधिवक्ता पी चिदंबरम बहस कयने छलाह।

मजीठिया दिसन सँ कहल गेल छल कि अइ केस के हाईकोर्ट मे 2013 सँ सुनवाइ भ' रहल अछि आओर ईडी तथा एसआईटी ओहि समय सँ जाँच क' रहल अछि। अतेक दिन तक मजीठिया के नाम केस मे नहि आयल आब अचानक राजनीतिक वैर के कारणे प्राथमिकी दर्ज कैल गेल अछि। जखन कि पंजाब सरकार तर्क छल कि एहि केस मे ईडी के पूर्व निदेशक निरंजन सिंह आओर जगदीश भोला के बयान दर्ज कैल गेल अछि।

राष्ट्रीय मैथिली दैनिक अखबार

मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश

लेल आवश्यकता अछि...

१. स्थानीय सम्पादक १
२. डेस्क प्रभारी ३
३. मुख्य विज्ञापन प्रबंधक १
४. क्षेत्रिय अधिकारी (२ महिला/१ पुरुष) ३
५. डाटा एन्ट्री ऑपरेटर (देवनागरी) ६
६. पेजीनेटर ३
७. ब्युरो प्रभारी ४०
८. प्रसार प्रबंधक १
९. कार्यालय सहाय्यक २

ईच्छुक अभ्यर्थी अपन जीवन वृत्त ई-मेल करी।

maithilpunarjagranprakash06@gmail.com

# मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश



## कवि कोकिल विद्यापति
## नव वर्षक शुभकामना संग

# 2022

**JANUARY**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

**FEBRUARY**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | | | | | | |

**MARCH**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

**APRIL**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

**MAY**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

**JUNE**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

**JUJY**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**AUGUST**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

**SEPTEMBER**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

**OCTOBER**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

**NOVEMBER**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

**DECEMBER**

| Mo | Tu | We | Th | Fr | Sa | Su |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

# डीएम एसपी देलनि निर्देश, कोरोना महामारी कें देखैत कड़ाइ सं हो गाइडलाइंस केर पालन, घर सं निकलबा सं पहिने पहीरि ली मास्क

**मधुबनी** | समदिया

करोना वैश्विक महामारी के देखइत जिला पदाधिकारी, मधुबनी अमित कुमार आ पुलिस अधीक्षक, मधुबनी डॉ० सत्यप्रकाशक द्वारा संयुक्त रूप स निदेश देल गेल जे जिला मे विशेष अभियान चला'क करोना महामारी के रोकथाम हेतु लगाएल गेल प्रतिबंध के समुचित क्रियान्वयन आ सख्ती स अनुपालन करयबाक आवश्यक अछि। दिनांक-09.01.2022 स जिला मे विशेष अभियान चला'क सभ सड़क, दुकान, वाहन, अस्पताल, पुलिस लाइन आ जिला मे कोविड-19 अनुकूल व्यवहार अंतर्गत विशेष क' घर सं निकलबा सं पहिने मास्क पहिरब अनिवार्य अछि। ताकि एहि जागरूकताक व्यापक प्रचार-प्रसार कैल जा सकेय, संगहि स्वयं आ अपन अधीनस्थ पदाधिकारिक दल गठित करइतहु आदेशक कठोरता सं अनुपालन करेबाक निर्देश देल गेल।







## एमहर बिरौल प्रखंड मे आरटीपीएस काउंटर पर नहि भ' रहल अछि कोविड नियमक पालन

**बिरौल** | प्रखंड मुख्यालय स्थित आरटीपीएस काउंटर पर प्रशासन कें नाकक नीचा शारीरिक दूरीक नियमक धज्जी उड़ाओल जा रहल अछि । जकरा देखनिहार किऔ नै छथि। एखन जाति, आवास , आय प्रमाण पत्र आ राशन कार्ड बनेनिहार प्रखंड कार्यालय के आरटीपीएस काउंटर पर भीड़ उमड़ल रहैत अछि । प्रमाणपत्र लेबए लेल कारणे भोरे सं लोकक भीड़ आरटीपीएस काउंटर पर लागि जाइत अछि । भीड़ के नियंत्रित करौनिहारक कोनो व्यवस्था एहिठाम नै छै । तकर फलस्वरूप लोक सभ शारीरिक दुरीक नियमक धज्जी उड़ाबैत लाइनमे एक-दोसरा सं सटिकए ठाढ रहैत छथि । एतबे नै लोक सभ बिनू मास्क के काउंटरक संग-संग प्रखंड कार्यालय कें ईद-गिर्द घूमैत रहैत छथि। ओतहि राशन कार्ड बनबए लेल पहुंचल अकबरपुरक मुखिया विशंभर पासवान , मोहम्मद मुसाफिर, नौडेगा निवासी शिवशंकर , सुपौल निवासी अरुण कुमार सहित अनेको लोक कहलनि जे बिरौल प्रशासन जगह जगह मास्क चेकिंग अभियान चलाक लोककें चालान काटि रहल छथि। जखन कि अंचल सह प्रखंड कार्यालय आ परिसर मे कोविड नियमक धज्जी उड़ायल जा रहल अछि आ हुनका देखा नै रहल छनि। जखन कि जिला प्रशासनक स्पष्ट निर्देश अछि जे सरकारी कार्यालय मे मास्क लगेबाक आ शारीरिक दुरीक पालन करनाई अनिवार्य अछि। एहि नियमक पालन नै कएनिहार सं जुर्माना वसूलबाक प्रावधान कएल गेल अछि । एहिठाम सरकारी निर्देशक धड़ल्ले सं उल्लंघन कएल जा रहल अछि । सीओ विमल कुमार कर्ण बतौलनि जे आरटीपीएस काउंटर पर लोककें नियंत्रित करबाक संग-संग शारीरिक दुरीक पालन करबाबए लेल दूटा अंचल गार्डक नियुक्ति कएल गेल अछि । संभवतः गार्डक अनुपस्थितिमे एहि तरह सं भीड़ जमा भ' गेल होए ।

---

### बहिनोइ संग करैत छल माछक व्यापार, बुधदिन सं छल लापता

# पोखरि सं भेटल शव त' भूपट्टी मे मचल हाहाकार

**बाबूबरही** | समदिया

### संदेहक आधार पर दर्ज कराएल गेल छल अपहरणक एफआइआर



शव लग बिलखैत परिजन।

बाबूबरही थाना क्षेत्रक भूपट्टी गांव स्थित एकटा पोखरि मे रविदिन एकटा लाश देखाएल। जकरा सुनि घटना स्थल पर लोकक करमान लागि गेल। एकर सूचना बाबूबरही पुलिस के देल गेल। पुलिस घटना स्थल पर पहुंचि लाश के अपना कब्जा में ल'क' पोस्टमार्टम के लेल पठा देलक। जनतब दी कि बरुआर गांव के 50 वर्षीय किशुन देव सहनी भूपट्टी गांव स्थित अपन बहनोइ दिलचन सहनी के ओतए रहि क' माछक व्यापार करैत छल। ओ विगत बुधदिन सं भूपट्टी गाम सं लापता भ' गेल छल।

जकर खोज परिजन सभ अपना स्तर सं केलक। लेकिन तलाशी के दरमियान ओकर कोनो सुराग नै भेटल। तखन मृतक किशुन देव सहनी के पत्नी रीता देवी के द्वारा स्थानीय थाना मे पुर्वक रंजिश के शक आधार पर बरुआर गांव के निवासी रामनारायण सहनी के विरुद्ध अपहरण करए के आरोप लगाबैत पुलिस के आवेदन देल गेल। ओतहि, पांच दिन'क बाद भूपट्टी गांव स्थित मृतक के बहनोइक पोखरि सa शव बरामद भेल। शव भेटए के उपरांत ग्रामीण सभ किछु देर तक आगजनी करैत भूपट्टी कोसी नहर के पास सड़क जाम क' बबाल मचौलक। फेर हत्यारोपी के विरुद्ध उचित कार्रवाई के आश्वासन पर शव के पोस्टमार्टम के लेल प्रशासन के ल' जाए देलक ओतहि , थाना अध्यक्ष रामाशीष कामती कहलनि जे लाशक पोस्टमार्टम भेलाक बाद रिपोर्ट जे भेटत ओही आधार पर आरोप तय होएत आ जाँच होएत। लेकिन पुलिस कानूनी कार्रवाई करैत घटना के प्रारम्भिक जांच मे जुटि गेल अछि।

### पति फेंकलक पत्नी पर एसिड, दू अन्य भेल घायल

**पिपरा** | पति द्वारा पत्नी पर एसिड फेंकए के घटना सामने आएल अछि। घटना जिला कें पिपरा थाना क्षेत्रक पिपरा बाजार के अछि । जत रविक साँझ में पति-पत्नी मे कोनो बात पर झगड़ा भेल, ताहि पर तमसा क' पित अपन पत्नीक देह पर एसिड फेंक हमला क' देलक । अहि एसिड अटैक मे कुल तीन व्यक्ति शिकार भेल अछि। जाहि मे दूईटा जनानी आ एकटा किशोर अछि। जखन पति अपना पत्नी पर एसिड अटैक केलक तखने बगल मे ई दूनु ठाढ़ छल, ताहि दुआरे ईहो दुनू जख्मी भेल। एसिड अटैक सं जख्मी तीनू गोटा कें पड़ोसी सभ सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र पिपरा मे भर्ती करौलक।

### किसान केलक रोड जाम

**छातापुर** | खादक कमी आ दोकनदार द्वारा अधिक दाम लेबए सं तमसायल खेतिहर सभ छातापुर प्रखण्ड कें डहरिया स्कूल चौक लग राज्य पथ 91 कें जाम कए देलक। खेतिहरक सभहक कहब छल जे पंचायतक किसान सलाहकरक आँखिक तर मे खेतिहर सं दोकानदार अवैध असुली करैत अछि। किसान सलाहकरक संग दोकानदार के अहि शोषण पर अगल बगल के खेतिहर तमसा गेलाह आ राज्य पथ 91कें जाम क देलनि। जामक सूचना भेटला पर वरीय पदाधिकारी लोकनि जाम स्थल पर पहुंचला आ जाम छोड़ौलनि।

## साहित्यकार डॉ. उमाकांतक कें देल गेलनि श्रद्धांजलि

**मधुबनी** | समदिया



मैथिलीक मूर्धन्य साहित्यकार डा० उमाकांतक निधन दिनांक ६-१-२०२२ई०क' यकृत संक्रमण के कारण दड़िभंगामे भ' गेल । प्रख्यात गाम ढंगा(कलुआही) निवासी डा० उमाकांत दड़िभंगामे प्राध्यापकसँ सेवानिवृत्त भेलाक बाद मधुबनी टाउन क्लब मुहल्लामे अपन निजी आवास मे रहैत छलाह आ किछु दिनस' दुखित छलाह ।एहि कारण ओ सार्वजनिक जीवनस' दूर भ' गेल छलाह।

हिनक निधनस' मैथिली आंदोलनस' जुड़ल लोक आ मैथिली साहित्य जगत शोकाकुल अछि। दिवंगत उमाकांत बाबूक सम्मान मे मैथिली साहित्यिक एवं सांस्कृतिक समिति, मधुबनी आइ स्थानीय प्राथमिक शिक्षक संघ भवन मे एक श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयने छल ,जाहिमे अनेक साहित्यकार, रंगकर्मी आ मैथिली अनुरागी सभ उपस्थित छलाह। समितिक अध्यक्ष प्रो० प्रीतम कुमार निषादक अध्यक्षतामे आयोजित एहि श्रद्धांजलि सभामे वक्तागण हिनक व्यक्तित्व ओ कृतित्व पर चर्चा कयक' उमाकांत बाबूक प्रति श्रद्धा-सुमन अर्पित कयलनि। हिनक व्यक्तित्व पर चर्चा करैत वक्तागण कहलनि जे उमाकांत बाबू सज्जन ,मिलनसार आ मैथिली प्रेमी व्यक्ति छलाह।ओ युवा रचनाकारकेँ हरदम प्रोत्साहित करैत रहैत छलाह। समिति द्वारा सभ साल दै जाए वला "नवहस्ताक्षर" पुरस्कार हिनके प्रेरणाक प्रतिफल अछि।

उमाकांत बाबू साहित्यक व्यंग्य विधामे निष्णात छलाह आ बरोबरि लिखैत रहलाह।भागवत एवं गीताक मर्मज्ञ उमाकांत बाबू एक आध्यात्मिक लोक छलाह । विदित हो जे समिति अपना मंचसँ हिनका साहित्यकार के रूपमे प्रशस्ति-पत्र द' सम्मानित कयने छल आ हिनक चर्चित उपन्यास 'प्रस्थान'क लोकार्पण आ एहि पर परिचर्चा सेहो समिति अपना मंचसँ कयने रहय। हिनक प्रस्थान (मैथिली उपन्यास ) मैथिली साहित्यक धरोहर अछि जाहिमे श्रीकृष्णक जीवनक उत्तर पक्षक औपन्यासिक वर्णन अछि।एक तरहस' कही त' ई उपन्यास एक जीवन दर्शन अछि जाहिमे श्रीकृष्णक बहन्ने मनुक्खक जीवनक अंतिम अवस्थाक दर्शन उपस्थापित कयल गेल अछि।ई उपन्यास पठनीय आ संग्रहणीय अछि।

एहि श्रद्धांजलि सभामे समवेत रूपसँ उमाकांत बाबूकेँ श्रद्धा-सुमन निवेदित कयल गेल आ हिनक निधनकेँ मैथिली साहित्यक एक अपूरणीय क्षति मानल गेल। सभाध्यक्षक अतिरिक्त एहि श्रद्धांजलि सभामे उपस्थित छलाह श्री रेवतीरमण झा,डा० वीरेन्द्र झा, सुभाषचंद्र झा सिनेही,गोपाल झा 'अभिषेक', दिलीप कुमार झा, दयाशंकर मिथिलांचली,डा० सोनू कुमार झा , दीपनारायण आ रंगकर्मी श्री अनिल कुमार मिश्र। एहि सभामे प्रो० शुभकुमार वर्णवाल द्वारा उमाकांत बाबूक सम्मानमे पठाओल काव्यांजलि पढ़िक' सुनाओल गेल । सभा के अंतमे दिवंगत उमाकांत बाबूक आत्माके शांति हेतु दू मिनट धरि ठाढ़ भ' क' मौन रहि ईश्वरसँ प्रार्थना कयलाक बाद सभाकेँ समाप्त कयल गेल।

## विश्वविद्यालय कर्मी 17 सं जाएत कलमबंद हड़ताल पर

**दरभंगा** | समदिया

बिहार राज्य विश्वविद्यालय कर्मचारी महासंघ पटना संबद्ध् कर्माचारी सभ अपन 11 सूत्री मांगक समर्थन मे 17 जनवरी सं कलमबंद हड्ताल पर जा रहल अछि। सोमदिन एकर जानकारी दैत बिहार राज्य विश्वविद्यालय कर्मचारी महासंघक प्रदेश अध्यक्ष शंकर यादव बतौलनि जे हुनकर जे मांग अछि ओकरे समर्थन में ई कलमबंद अंदोलन कएल जा रहल अछथ्। ओ कहलनि जे हुनकर मांग मे प्रदेशक सभ विश्वविद्यालयक कर्मचारी 17 जनबरी को कलमबंद हड़ताल करत। ओ कहलनि जे हुनकर मांग अछि जे प्रत्येक कैलेंडर मासक 5 तारीख तक वेतन आ पेंशन भुगतान सुनिश्चित करब, सर्वोच्च न्यायालय नई दिल्लीकें वाद संख्या 516/2013 दिनांक 10 जनवरी 2013 कें अनुसार पंचम एवं षष्ठम वेतन मान एसीपी ,एम एस ए पी एवं ग्रेड पे के अंतर वेतनक बकाया राशिक भुगतान करब, सप्तम वेतनमानक अंतर वेतन राशिक भुगतान यथाशीघ्र करब, बिहार सरकार मानव संसाधन विकास विभाग पटनाक संकल्प कें अनुसार सचिवालय कर्मी कें भांति विश्वविद्यालय कर्मी के सेहो स्वास्थ्य बीमाक लाभ देब, वित्त विभागक संकल्पक आलोक मे संशोधित वेतनमान भुगतान हेतु पत्र निर्गत क' सभ विश्वविद्यालय कें भेजब, विश्वविद्यालय कर्मीकें वित्त विभागक संकल्प मे उल्लेखित निर्णय अनुसार शिड्यूलल 2 कें अनुरूप एवं वित्त विभाग के पत्रक आलोक मे शिक्षा विभाग द्वारा पत्र निर्गत करनब, मौलाना मजहरूल हक अरबी फारसी विश्वविद्यालय पटना के 37 कर्मी आ भूपेंद्र नारायण मंडल विश्वविद्यालय मधेपुरा कें 82 कर्मीक लंबित वेतनक भुगतान यथाशीघ्र करब, बिहार राज्य विश्वविद्यालय कर्मचारी महासंघ पटना कें लेल पटना मे कार्यालय हेतु भूमि आवंटन करब, पुरानका पेंशन योजना लागू करब आ नवका पेंशन योजना मे सरकार द्वारा जे राशि देय अछि कर्मीक खाता मे अविलंब भेजब, शिक्षकक भांति शिक्षकेतर कर्मी के सेहो सेवानिवृत्तिक आयु 65 वर्ष करब, राज्यक सभ परंपरागत विश्वविद्यालय आ नवस्थापित तीन विश्वविद्यालय मे कर्मचारी कें नियुक्ति स्वीकृत पद के विरुद्ध अविलंब करब शामिल अछि।

## बेनीपट्टी : 12 वर्ष सं फरार चलि रहल आरोपी कें कयल गेल गिरफ्तार




पुलिसक हिरासत मे आरोपी।

**बेनीपट्टी** | समदिया

बारह साल सं फारार चलि रहल आरोपी के मधवापुर पुलिस आखिरकार ओकरा गिरफ्तार करए मे सफल भेल। आरोपी के पुलिस ओकरे घर सँ गिरफ्तार केलक आ जेल पठा देलक। जनतब दी जे केस संख्या ३७/२०१० कैं आरोपी गौडी साह वर्ष २०१० सं फरार चलि रहल छल, ओ कतेको बेर पुलिस कें चकमा द' फरार भ' जा,त छल। मुदा अहि बेर गुप्त सुचना कें आधार पर आरोपी के ओकरे घर सं गिरफ्तार क' लेल गेल। मधवापुर एसएचओ गया सिंह कहलनि जे आरोपीक तलाश २०१० सं चलि रहल छल, मुदा सभ बेर ओ पुलिस कें धोखा द' दैत छल। अहि बेर जहिना खबरि भेटल त' पुलिस बिहारी गाँव स्थित ओकर घर सं ओकरा पकड़ि जेल भेज देलक।

## मिथिला राज्य संघर्ष समितिक स्थापना दिवस मनाओल गेल

**मधुबनी** | समदिया

मिथिला राज्य संघर्ष समितिक स्थापना दिवस १००म गुगल मीट द्वारा मनाऔल गेल । एकर संस्थापक डा धनाकर ठाकुर कहलनि जे जहन ओ प्रयाग मे 1994 में डा जयकांत मिश्र सं भेंट कएने छलाह आओर कहलनि जे जाबैत मिथिला राज्य निर्माण नै होएत मैथिली बिहारमे समस्याग्रस्त रहती । डा मिश्र सहमत भेलाह फेर दूनू सहरसा, सुपौल, अररिया, पूर्णिया, भागलपुर जिलाक यात्रा केलाह । सब ठाम मिथिला राज्य निर्माण लेल बैसार भेल।

पटनामे1995 क' चेतना समिति मे जनवरीक दोसर रविकसभ ठाम प्रतिनिधि बैसार लेल बजाओल गेलाह। चेतना समितिक एक

सदस्यक अनावश्यक हस्तक्षेपक कारण कार्यकारिणीक घोषणा नै भ' सकल । एक साल बाद मधुबनीमे अंतर्राष्ट्रीय मैथिली परिषदक अध्यक्ष डॉ धनाकर ठाकुर द्वारा 96 es मधुबनी में डा जयकांत मिश्र अध्यक्ष vk महासचिव मनोज कुमार रहुआ-संग्रामक नामक घोषणा कएल गेल ।

डा जयकांत मिश्र मृत्युक किछु दिन पूर्व तक सक्रिय रहलाह। फेर चुनचुन मिश्र, सत्यनारायण महतो, नगीना प्रसाद महतो अध्यक्ष रहलाह । वर्तमानमे मधेपुरा कालेजक प्राचार्य डा अशोक कुमार यादव एकर अध्यक्ष आओर मधुबनीक एडवोकेट प्रमोद कुमार महासचिव छथि ।

समिति पटना, दिल्लीमे अनेक धरना द' चुकल अछि। केन्द्र सरकार कें कतेको ज्ञापन सौंपलक । आब कोरोनाक बाद संघर्ष तीव्र कएल जाएत । मीटिंगमे डा रतन कुमारी, घोघरडीहा, उमाकांत झा जयपुर, भगवानजी झा जमशेदपुर, राजीव कुमार कर्ण दरभंगा आओर प्रो पीके झा प्रेम दलसिंगसराय विचार रखलाह ।

विधुकांत मिश्र, प्रयागराज संचालन केलाह । पटना पुस्तक मेलाक संस्थापक नरेंद्र कुमार झा धन्यवाद् ज्ञापन करैत कहलाह मिथिला, मगध आओर भोजपुर राज्य बनिक रहत तखनहि तीनो भाषा विकसित होएत।

### दरभंगा आयुर्वेदिक कॉलेज मे चलि रहल अछि शोध, जलकुंभी सं किडनी, थायराइडक आ प्रोस्टेट कैंसरक उपचार संभव

# पुष्य नक्षत्र मे हो औषधीय पौधक संग्रह, त'उत्तम उपचार संभव

**दरभंगा** | समदिया

राजकीय महारानी रमेश्वरी भारतीय चिकित्सा विज्ञान संस्थान मे जलकुंभी सं प्रोस्टेट कैंसर, किडनी आ थायराइडक उपचार पर शोध चलि रहल अछि, जाहिसं अई रोगक उपचारक उम्मीद बढ़ि गेल अछि।

शोधक प्रगतिक मोनिटरिंग आ शोध मे सहयोग लेल पांच सदस्यीय कमेटी गठित कएल गेल अछि। रिसर्च प्रोजेक्टक प्रमुख डॉ दिनेश कुमार सहित कमेटी मे संस्थानक प्राचार्य डॉ दिनेश्वर प्रसाद, आर्यभट्ट ज्ञान विश्वविद्यालय के संस्थापक कुलपति प्रो डॉ शंभूनाथ गुहा, नैनो टेक्नोलॉजीक विभागाध्यक्ष डॉ राकेश कुमार सिंह आ प्रख्यात कैंसर विशेषज्ञ डॉ जितेंद्र कुमार सिंह शामिल छथि।

संस्थानक प्राचार्य डॉ दिनेश्वर प्रसाद आ प्रोजेक्ट प्रमुख डॉ दिनेश कुमार जानकारी देत कहलनि जे सर्वप्रथम जलकुंभीक भष्म आयुर्वेदिक विधि सं तैयार कएल गेल। ओ कहलनि जे पुष्य नक्षत्रक दिन जं औषधीय पौधक संग्रह कए औषधि बनाएल जाएत अछि त ओ वह उपचारमे अधिक कारगर साबित होएत। जकर सेवन सेहो पुष्य नक्षत्रे मे करएकें अछि। जाहि सं ओकर अधिकतम लाभ होएत अछि।

चिकित्सक द्वय कहलनि जे रोहिणी नक्षत्रक दिन 27 दिसंबर 2020 कं जलकुंभीक संग्रह कए भष्म बनाऔल गेल। फेर पुष्य नक्षत्रक दिन 28 जनबरी 2021 कं वैही जगह स ओहि समय पर फेर जलकुंभीक संग्रह कए समान विधि सं भष्म बनाऔल गेल। दूनु भष्मक नैनो पार्टिकलक माप आर्यभट्ट ज्ञान विश्वविद्यालय कें नैनो टेक्नोलॉजी मे विभागाध्यक्ष डॉ राकेश कुमार सिंह कें द्वारा परीक्षण कएल गेल। परीक्षण मे पाऔल गेल जे पुष्य नक्षत्रक दिन संग्रहित जलकुंभी सं तैयार भष्मक पार्टिकलक साइज 26.62 नैनोमीटर, आ रोहिणी नक्षत्रक दिन संग्रहित जलकुंभी सं बनल भष्मक पार्टिकलक साइज 54.55 नैनोमीटर आएल। डॉ दिनेश कुमार कहलनि जे सभ प्रक्रिया पूरा विधिविधान सं पूरा कएल गेल। आयुर्वेदिक सिध्दांतक अनुसार जे पार्टिकल अधिक सूक्ष्म होएत अछि ओ उपचार मे में अधिक प्रभावी होएत अछि। फलतः पुष्य नक्षत्र मे तैयार औषधिक प्रयोग प्रोस्टेट कैंसरक उपचार लेल प्रयोग कएल जाएत।



ओ कहलनि जे औषधि निर्माणक प्राथमिक प्रक्रिया पूरी क' लेल गेल अछि । आब अई औषधिक निकट भविष्य मे क्लीनिकल ट्रायल शुरू कएल जाएत। जानवर पर ट्रायल सफल भेला पर अइ औषधिक उपयोग मानवक लेल कएल जाएत। सर्वप्रथम एकर ट्रायल मेढ़क पर कएल जाएत।

प्राचार्य डॉ प्रसाद कहलनि जे मिथिला मे जलीय क्षेत्र पर्याप्त अछि, जतए जलकुंभी आसानी सं उपलब्ध होएत अछि। प्रयोग सफल भेला पर प्रोस्टेट कैंसरक इलाज मे आसानी होएत। अस्पताल मे विभिन्न रोगक उपचार होएत अछि, मुदा अस्पतालक सहयोग सं संस्थान मे कई प्रकारक शोधक योजना अछि, जकरा क्रमशः आगु बढ़ाओल जाएत। ओ दुख व्यक्त करैत कहलनि बिहार मे आयुर्वेदक क्षेत्र मे शोध पर अपेक्षित जोर नै देल जाएत अछि। मात्र पारंपरिक ज्ञानक आधार पर उपचार उपयोगी रहल । वर्तमान मे शोध पर जोर देबाक आवश्यक्ता अछि। ओ कहलनि जे दुनिया मे कोनो एहन साध्य या असाध्य रोग नै जकर उपचार आयुर्वेदिक पध्दति सं नै कएल जा सकए। बस चिकित्सक सभकें थोड़े नवोन्मेषी होएबाक जरूरत अछि। डॉ दिने कुमार के नवोन्मेषी दृष्टिक सराहना करैत कहलनि जे ज्योतिषीय आयुर्वेदिक पध्दति सं उपचार शुरू करएकें श्रेय हुनकरे अछि।

## बिहार सरकारक आपदा प्रबंधन नीति देशस्तर पर एकटा उदाहरण

**बेनीपुर** | नीतीश सरकारक आपदा प्रबंधन नीति देशस्तर पर एक उदाहरण अछि।आपदा पीडितक लेल सरकारी व्यवस्थाक सराहना आई बिहारे नञि अपितु देश स्तर पर कयल जा रहल अछि। बेनीपुर विधानसभाक विधायक सह दरभंगा जदयू जिलाध्यक्ष प्रो0 विनय कुमार चौधरी बेनीपुर प्रखंडक महिनाम केर चारि आपदा पीडितकें सरकारी सहायता राशिक चेक दैत उपरोक्त बात कहलन्हि। विधायक प्रो0 चौधरी महिनाम पंचायतक अग्निकांड पीडिता मंजूला देवीकें अड़तीस सौ टाका , रंजीत मिश्र, अजीत मिश्र आ दीनानंद मिश्र कें तीन - तीन हजार टाकाक सहायता राशिक चेक दैत कहलन्हि जे नीतीश सरकारक स्पष्ट मानब छन्हि जे सरकारी खजाना पर आपदा पीडितक पहिल हक छन्हि। विधायक प्रो0 चौधरी सरकारी पदाधिकारी आ कर्मीक संग - संग स्थानीय जनप्रतिनिधिके ऐहन आपदा पर सजग रहबाक आग्रह करैत कहलन्हि जे दुनियामे मानव सेवा सँ बढिकय कोनो धर्म नञि अछि । ताहिकारणे पीडितक मदतिमे आगू बढि चढि कय हिस्सा लेबाक चाही । विधायक प्रो0 चौधरी खुदकें बेनीपुरक सेवक बताबैत कहलन्ही जे एतुका जनता जाहि विश्वास सँ हमरा अपन प्रतिनिधि बनौलन्हि अछि , ओहि लेल हमरा हुनका सबहक सुख दुःखमे सहभागी बनबाक अछि । हुनका संग बेनीपुर प्रखंड प्रमुख चौधरी मुकुंद राय,अंचलाधिकारी भुवनेश्वर झा, जिला सचिव मनोज कुमार मिश्रा,प्रखंड अध्यक्ष कृति मोहन झा, ऋषभ कुमार , आलोक कुमार , आयंश कुमार , कुमारी रिषा , मनोज सहनी,अमित कुमार बिट्टू,जय भारद्वाज,रौशन झा,प्रभात शांडिल्य आदि मौजूद छलाह ।

### प्रदेशक उच्च शिक्षा बदनाम क' देलनि एलएनएमयू के कुलपतिः शरद कुमार सिंह

# एआईएसएफ केलक मिथिला विवि कुलपतिक पुतला दहन, लगेलक नारा

दरभंगा | समदिया

ऑल इंडिया स्टूडेंट्स फेडरेशन (एआईएसएफ) द्वारा मिथिला विश्वविद्यालय कें कुलपतिक पूतला दहन कामरेड भोगेन्द्र झा चौक पर कएल गेल। पूतला दहन सं पूर्व संगठनक जिला कार्यालय सं एम आर एम कॉलेज होइत कामरेड भोगेन्द्र झा चौक तक मार्च निकालल गेल। मार्चक नेतृत्व संगठनक जिला अध्यक्ष शशिरंजन कएलनि। मार्चक क्रम मे छात्र कुलपति, कुलसचिव राज्यपाल, बिहार सरकार ओ केंद्र सरकारक विरोध मे नारा लगौलनि। ओतए कामरेड भोगेन्द्र झा चौक पर पुतला दहनक उपरांत एक गोट सभा भेल। जकरा संबोधित करैत संगठनक जिला सचिव शरद कुमार सिंह कहलनि जे मिथिला विश्वविद्यालय कें कुलपति प्रोफेसर एसपी सिंह मिथिला विश्वविद्यालय सहित बिहारक उच्च शिक्षा कें वैश्विक पटल पर बदनाम करबाक काज कए रहल छथि। श्री सिंह कहलनि जे उच्च शिक्षा कें बिहारक भीतर बर्बाद करबा मे राज्यपालक नेतृत्व मे अपन महती भूमिका निभौलथि।



कुलपतिक बिरोध मे नारा लगबैत एआईएसएफ के कार्यकर्ता सभ।

ओ मिथिला विश्वविद्यालय सहित जाहि जाहि विश्वविद्यालय के प्रभार मे रहलथि, सभ जगह पैघ पैघ आर्थिक गबन कएल गेल अछि। ओ पैघ स्तर पर कॉपी खरीदारी सं, टेन्डर तक मे मोट टाका के उगाही कएलनि। मिथिला विश्वविद्यालयक कुलसचिव पर आरोप लगबैत श्री सिंह कहलनि जे भ्रष्टाचार मे कुलपति सं ओ दू डेग आगूए छथि। कुलसचिव जखन विभिन्न कॉलेज के प्रधानाचार्य होइत छलाह ओहि समय मे सेहो कुलसचिव ओहि कॉलेज के भीतर आर्थिक लूट मचौने छलाह। विश्वविद्यालय के भीतर छात्रावास घोटाला सं प्रोजेक्टर घोटाला तक ई कएने छथि। संगठनक द्वारा अंत मे कहल गेल जे मिथिला विश्वविद्यालय के कुलपति-कुलसचिव के जाबैत तक पदच्युत नै कएल जाएत ताबैत तक आंदोलन चलैत रहत।

एहि अवसर पर प्रभाकर सिंह, सुजीत कुमार पासवान, ओम राज पासवान, पीयूष कुमार, प्रशांत कुमार ठाकुर, रवि कुमार सिंह, आदर्श कुमार, रौशन कुमार, मन्टू कुमार, शिवम सिंह सूरज आदि अनेक गोटे उपस्थित छलाह।

# खजौलीक अंचलाधिकारी लेल सूचनाक अधिकार कें मोजर नै

खजौली। समदिया।

खजौलीक अंचलाधिकारी मनीष कुमारक लेल सूचनाक अधिकार अधिनियम 2005 कें कोनो माने मोजर नै अछि । ओ सूचना मंगनिहार कें जनतब नै दैत छथि। ओना एकर कतोक उदाहरण अंचल मे अछि । मुदा एकटा टटका खबरि भेटल अछि । आमोद कर्ण ग्राम+ पोस्ट - कन्हौली प्रखंड खजौली जिला मधुबनी 01 सितम्बर 2021 कें सूचना अधिकार अधिनियम 2005 के तहत लोक सूचना पदाधिकारी सह अंचलाधिकारी खजौली से जनतब मंगलनि जे करोनाक दोसर खेप मे खजौली प्रखंड मे कहिया सं कहिया धरि सामुदायिक रसोइक संचालन भेल । एहि मे हरेक दिन कतेक लोक सभ भोजन कएलनि आ सभटा खर्चा कतेक भेल मुदा लोक सूचना पदाधिकारी समय पर जनतब नै देलनि। आमोद कर्ण अनुमंडल पदाधिकारी सह प्रथम अपीलीय पदाधिकारी मधुबनीक न्यायालय मे प्रथम अपील वाद दायर कएलनि। अंचलाधिकारी तारीख पर हाजिर नै भेलाह। प्रथम अपीलीय पदाधिकारी सह अनुमंडल पदाधिकारी मधुबनी 21 दिसंबर 2021के अपन अंतिम आदेश लिखलनि अछि, जे अपीलकर्ता हाजिर आ लोक सूचना पदाधिकारी गैर हाजिर। अपीलकर्ता कें सूचना देबाक लेल आ स्पस्टीकरणक जवाब हुनका कार्यालयक द्वारा सेहो मांगल गेल अछि। मुदा ने सूचना देल गेल आ ने स्पस्टीकरणक जवाब ।

प्रथम अपीलीय पदाधिकारी अपन आदेश मे लिखने छथि जे बुझना जाइत अछि जे हुनका अपना सं पैघ अधिकारीक आदेशक अवहेलना आ कर्तव्यक प्रति लापरवाही अछि। संगहि सूचनाक अधिकार अधिनियमक प्रावधानक सेहो पैघ उल्लंघन अछि। लोक सूचना पदाधिकारी एक मास मे जनतब द' सकैत छलाह मुदा नै करौलनि। पहिल अपीलक समय सीमा खत्म भेलाक कारण वादक कार्रवाई समाप्त कएल जाइत अछि। सीओ द्वारा कर्ण कें जनतव नै देला सं लोक सभ कहैत अछि जं सामुदायिक रसोई चलेबा मे सभ किछु ठीकठाक छल त' सीओ जनतब किएक नै देलनि। जनतब नै देलाह सं सामुदायिक रसोई संचालन मे भारी लूट खसोटक अनुमान अछि।

खजौली पंचायत समिति सदस्य श्रीनाथ नागमणि आ पूर्व पंचायत समिति सदस्य जगदीश दास जिला पदाधिकारी मधुबनी सं मांग कएलनि अछि जे एहि सामुदायिक रसोई संचालन घोटालाक निष्पक्ष जांच कराओल जाए ।

## सुपौल बाजारक लोकसब पीबि रहल छथि पानिक बदला जहर

**बिरौल**| बिरौल सुपौल बाजारक लोगसभ पानिक बदलामे जहर पीबि रहल छथि । विदित हो कि नवगठित नगर पंचायत बिरौलक सुपौल बाजार बस स्टैंड स्थित सरकारी पानी टंकी सं नियमित पानि त' भेट रहल छै, मुदा ओ पानि पीबाक योग्य नै रहैत छै । पीएचईडी विभागक लापरवाहीक कारणे सुपौल बाजार वासी स्वच्छ पानीक जगह गंदा पानि पीबाक लेल मजबूर छथि । जनतब हो जे करोड़क लागत सं बनल एहि पानिक टंकीक साफ सफाई बनल दिन सं आई धरि कहिऔ नै कराओल गेल अछि । साफ सफाईक नाम पर सिर्फ कागजी खानापूर्ति भ' रहल अछि । ज्ञातव्य हो कि प्रखंड क्षेत्रक अधिकांश गामक लोकसभ अपन जरूरतक सामानक खरीदारी करबाक लेल सुपौल बाजार आबैत छथि, हुनका सभकें अपन प्यास बूझाबए लेल बाजार सं पानिक बंद बोतल खरीदए परैत छनि। जर्जर पाइप सं पानिक सप्लाईक बाद बाजारक विभिन्न मोहल्लामे जलजमाव भ जाइत अछि । ओहि पानि सं किनको कोनो लाभ नै भ रहल छै । एहि बारेमे स्थानीय निवासी सभकें कहब अछि जे जहिया सं जलमीनारक निर्माण भेल अछि, तहिया सं एको बेर जलमीनारक सफाई नै कराओल गेल अछि । लोक सभ गंदे पानि पीबा लेल विवश छथि।

# वेतन निर्धारण लेल बनल ऑनलाइन कैलकुलेटर बढ़ौलक शिक्षक समस्या

दरभंगा | समदिया

शिक्षा विभाग बिहारक नियोजित शिक्षककैं 15% वेतन वृद्धि केर लाभ देबाक लेल ऑनलाइन केलकुलेटर बनौलक अछि लेकिन एहिसँ शिक्षकक वेतन विसंगतिक समस्या घटबाक बदला बढ़िते जा रहल अछि। जिलाक सभ प्रखंड मे शिक्षकक बीच अफरातफरीक माहौल अछि। टीईटी प्रारंभिक शिक्षकक जिला अध्यक्ष मोहन मुरारी आ सचिव नवीन कुमार मिश्रा प्रेसविज्ञप्ति जारी क' कहलनि जे प्राथमिक शिक्षा निदेशकक पत्रांक-809, दिनांक 05-12-2012 केर कंडिका 3 (iv) केर अनुसार,

"स्नातक ग्रेडक रुप में नियोजित शिक्षक,बेसिक ग्रेड केर नियोजित शिक्षक सँ वरीय होयता।" आ पुनः15% वेतन वृद्धि संबंधी विभागीय आदेश सं० 1816 दिनांक 12.11.2021केर कंडिका 7(iii) केर अनुसार "यदि कोनो शिक्षकक मूल वेतन,अपने सँ कनीय शिक्षक सँ कम निर्धारित होइत हो, त' वरीय शिक्षकक मूल वेतन, कनीय शिक्षक केर मूल वेतनक अनुरूप निर्धारित होयबाक चाही, जखनकि 01-07-2006 कैं शिक्षा मित्र सँ बेसिक ग्रेड नियोजित शिक्षकक रूप में समायोजित एवं 2010 तक बहाल नियोजित शिक्षकक मूल वेतन अपने सँ वरीय ग्रेड में बहाल स्नातक ग्रेड शिक्षक सँ अधिक निर्धारित भ' रहल छैक,जे कि न्यायसंगत नहिं अछि।संगहि ई विभागीय आदेशक अवमानना सेहो थिक।

ओतहि दोसर दिस प्रदेश सचिव शैलेन्द्र राय कहलनि जे माननीय शिक्षा मंत्री सदन में कतेको बेर पूरा दावीक संग कहने छला कि ऑनलाइन कैलकुलेटर एलाक बाद सभ तरहक वेतन संबंधी विसंगति दूर भ' जाएत, विभागीय पत्र सभमे सेहो पदाधिकारी सभ द्वारा एहन दावी लगातार कएल जा रहल छल, परंतु पूर्व केर विसंगति यथावत रहल। प्रदेशक विभिन्न जिलासँ नव विसंगति केर सेहो हजारों शिकायत रोज सामने आबि रहल अछि।स्थानीय पदाधिकारीक मोनमे जे आबि रहल छनि से वेतन निर्धारण क' रहल छथि। संगहि नव प्रशिक्षित शिक्षकक इंडेक्स-3 केर बाध्यता में बांधि देला सँ हजारों शिक्षकों कैं प्रतिमास हजारों टाकाक नुकसान भ' रहल छनि। तैं संघ विभाग सँ मांग करैत अछि जे ओ इंडेक्स-3 केर बाध्यता समाप्त करय।

विभाग द्वारा निर्गत पत्रक अनुरूप वरीय शिक्षकक वेतनकैं कनीय केर समकक्ष या ओहिसँ निर्धारित करय ताकि स्नातक ग्रेड शिक्षकक वेतन बेसिक ग्रेड सँ बेसी निर्धारित होइ। संघक सभी उपस्थित पदाधिकारी कहलनि जे सरकार टीईटी शिक्षकक हकमारी लगातार क' रहल अछि ।यदि शिक्षा विभाग इंडेक्स 3 केर बाध्यता समाप्ति आ स्नातक ग्रेड शिक्षकक वरीयता सुनिश्चित नहिं करत त' बाध्य भ' क' संघ न्यायलयक देहरि पर जाएत।

## बिना मास्क वला 66 गोटे सँ लेल गेल जुर्माना

**बेनीपुर**| कोरोनाक बढ़ैत संक्रमणके देखैत सरकार द्वारा जारी कोरोना गाइडलाइनक पालन करेबाक लेल बेनीपुर बाजारमे पदाधिकारीगण सड़क पर उतरि गेलाह। बेनीपुर अनुमंडल पदाधिकारी शंभूनाथ झाक नेतृत्वमे पदाधिकारीगण सघन मास्क चेकिंग अभियान चलौलनि। जाहिमे 66 लोकके मास्क नै लगा चलएवला पर फाइन कएल गेल । कोरोना गाईड लाइनक उल्लघंन क' दुकान चलेनिहार विद्यार्थी स्टेशनरी अ फोटो स्टेट दुकानकें सील क' देल गेल । एहि दौरान अनुमंडल पदाधिकारी श्री झा लोकसभकें समाजिक दुरी बनाकए रहनाई , मास्क लगाक' घर सं बाहर निकलनाई आ दुकानदार सभकें सरकार द्वारा जारी गाईड लाईनक पालन करबाक लेल कहलनि। एहि दौरान पीजीआरओ मनोज कुमार पवन, नगर परिषद के कार्यपालक पदाधिकारी राजेश कुमार झा, अंचलाधिकारी भुवनेश्वर झा आदि संग छलाह। दोसर दिस बहेड़ा पीएचसी पर 304 लोक के कोविड जांच कएल गेल्, जाहिमे बेनीपुरक एक गोटे पाज़िटिव पाऔल गेलाह।

### बिहार के विशेष राज्यक दर्जा, किसान कैँ एमएसपी गारंटी आ उचित दाम पर खाद-बीया उपलब्ध करएबाक मांग

# अपन पांच सूत्री मांगक समर्थन मे जाप केलक रेलक चक्का जाम

दरभंगा | समदिया

सोमदिन जन अधिकार पार्टी (लोकतांत्रिक) दरभंगा द्वारा राज्यव्यापी कार्यक्रमक आलोक मे पार्टी कें राष्ट्रीय अध्यक्ष पप्पू यादवक आह्वान पर 5 सूत्री मांग राखल गेल। जाहिमे बिहार के विशेष राज्यक दर्जा दियाबए, किसान सभकें एमएसपी के गारंटी सुनिश्चित करब, खाद बीया ससमय उचित दाम पर भेटल करए,वार्ड सचिव सभक स्थाई नियुक्ति आ बिहार मे नव पंचायत प्रतिनिधि सभकें सुरक्षा देबए आदि मांग के ल' रेल चक्का जाम कएल गेल। रेल चक्का जाम कार्यक्रमक नेतृत्व पार्टी कें जिला प्रधान महासचिव राजेश यादव उर्फ चुनमुन कएलनि।

जाप कार्यकर्तागण दरभंगा रेलवे जंक्शन पर 12:30 बजे पहुंचि जयनगर सं पटना जाएवला इंटरसिटी




रेलक चक्का जाम करैत जापक कार्यकर्ता

एक्सप्रेस के रोकलनि। मिडिया कें संबोधित करैत राजेश कुमार यादव उर्फ चुनमुन कहलनि जे जन अधिकार पार्टी एहि जनहित 5 गोट मांग सभ के ल' क' सौंसे बिहार मे आंदोलनरत अछि, जाहि क्रम मे एहि राज्यव्यापी कार्यक्रम के ल' क' दरभंगा मे रेल चक्का जाम कएल जा रहल अछि। आबएवला समय मे सरकार जौं हमर मांग सभ के नै मानत त' आंदोलन के आर तेज करब। पार्टीक नेता चंद्रकांत सिंह यादव कहलनि जे बेर बेर किसान भाई लोकनि खाद आ बीया के लेल परेशान छथि। सरकार हुनक बात नै सुनि रहल अछि। डबल इंजनक सरकार रहितो बिहार के विशेष राज्यक दर्जा किएक नै भेंट रहल अछि, सुशासन बाबू एहि संदर्भ मे गुम भ' किएक बैसल छथि। एहि रेल चक्का जाम कार्यक्रम मे पार्टी के दलित प्रकोष्ठ के अध्यक्ष वीरेंद्र पासवान, महेश पासवान, भैरव यादव, सोनू राम, पप्पू सरदार, रोशन झा, दिलशाद अहमद, पिंटू खान, पुतुन बिहारी, दीपक स्टार, सत्यम शिवम विक्की काशिफ दीपक झा सहित दर्जन भरि कार्यकर्तागण उपस्थित छलाह।

## इंटरमीडिएट परीक्षार्थिक प्रायोगिक परीक्षा भेल शुरू

**बेनीपुर**| बेनीपुर प्रखंड मे प्लस २ उच्च विद्यालय आ महाविद्यालयमे पढनिहार इंटरमीडिएट परीक्षार्थिक प्रायोगिक परीक्षा भेल शुरू। परीक्षा पांच परीक्षा केंद्र पर सोमदिन सं करोना गाइडलाइनक पालन करैत शुरू भ गेल। परीक्षा होम सेंटरे पर होएत कें घोषणाक कारणे थोड़े काल अफरा-तफरी रहल। अभिभावक सभ अपन - अपन बच्चा के ल' क' पूर्व निर्धारित केन्द्र पर पहुंचि परीक्षा दिऔलनि। बहेड़ा म.वि., अयाची महिला म.वि., बहेड़ा उवि, नवादा उवि आ परियोजना बालिका उवि पर पहिल दिनक परीक्षा सम्पन्न भेल। महिनाम विद्यालय कें परीक्षार्थीक हिसाबे हुनका लोकनिक परीक्षा परियोजना विद्यालय बेनीपुर मे हेबाक छल। परीक्षा होम सेंटर पर लेल जेतैक तकर घोषणाक कारणे सभ अपन मूल विद्यालय पर परीक्षा देबाक लेल पहूंचि गेलाह।

# कुसियारक खेती बन्न भेला सँ एहि ठामक किसानक डाँरे टूटि गेल

खजौली | समदिया

1990 सँ पहिने खजौली प्रखंडक सभ गाम मे कुसियारक नीक खेती होईत छल।एहिठाम किसान अपन कुसियार खजौली राटन पर बेचैत छलाह। पन्द्रह दिन मे कुसियारक दामो भेट जाइत छल । एहि ठामक कुसियार सभ मालगाड़ी सं लोहट मिल जाइत छल, जतए कुसियारक पिराई होइत छल। ई एहि ठामक किसानक ई नगदी फसिल छल। मुदा दुर्भाग्य सं लोहट मील बन्न भ' गेल आ कुसियारक खेती सेहो बन्न भ गेल। आब कोनो नगदी फसिल नै रहि गेल अछि । विधान सभा चुनावक समय नेता लोकनि लोहट मील चलेबाक डपोरशंखी घोषणा करैत रहलाह अछि । मुदा



खेत मे लागल कुसियारक फसिल।

चुनाव खत्म होइते एकरा बिसरि जाइत छथि। लोहट चीनी मील कें फेरो चालू करवाक जरूरत अछि। कन्हौली पंचायतक मुखिया अर्जुन सिंह, सरपंच रामचंद्र महतो, किसान शंकर किशोर सिंह, जगदीश दास, सीता राम महतो, हेमंत कुमार सिंह, पवन कुमार सिंह आदि कहलनि जे नीतीश कैं चुनाव सँ पहिने अपन कयल घोषणा पर ध्यान देवाक चाहिएन आ लोहट चीनी मील कैं चालू करवाक चाही।

## गाइडलाइनक पालन लेल प्रशासन चला रहल अछि जाँच अभियान

बेनीपट्टी | समदिया

बेनीपट्टी बाजार मे कोरोना के गाईडलाइन पालन लेल प्रशासन चला रहल अछि अभियान। जाहिसं दोकानदार आ ग्राहक सभ हड़कम्प मचल अछि। प्रशासन बेनीपट्टी बाजार मे मास्क जाँचक अभियान चला रहल अछि। दोकाने- दोकाने जा' क' दुकानदार संगहि ग्राहक के सेहो मास्क नै लगेलाक चलते दण्डक रसीद काटि क' हाथ में धरा रहल अछि। सचेत करैत कहल गेल जे जं कोनो दोकानदार बिना मास्क के या बिना मास्कवला ग्राहक के सामान बेचैत धराएत ओकर दुकान के ताला मारि देल जाएत। संगहि इहो जे बिमारी बेसी तेजी मे अपन पइर पसारि रहल अछि, ताहि ल' क' जीवनक सुरक्षा सबसं पहिल कर्तव्य अछि। आँहा सभ अपन जीवन के संकट मे नै धकेलू।

# आरओबी के निर्माण शीघ्र आरंभ कैल जायत : सांसद

दरभंगा | समदिया

सोमदिन नई दिल्ली मे दरभंगा के सांसद डॉ. गोपालजी ठाकुर रेलवे बोर्डक नव अध्यक्ष विनय कुमार त्रिपाठी सं भेंट क हुनका नव दायित्व हेतु बधाई देलनि। ओ मिथिला आ मिथिला के केंद्र दरभंगा सं जुड़ल सभ तरहक विकासात्मक काज ओ रेल विकास परियोजना सभ के यथाशीघ्र पूर्ण कएल जएबाके भेल वार्ता कएलनि। संगहिं प्रस्तावित ओ स्वीकृत परियोजना सभ के यथाशीघ्र प्रारंभ कएल जएबा पर गप्प कएलनि। सांसद डॉ. ठाकुर दरभंगा मुजफ्फरपुर रेल लाइन निर्माण काज के उच्च प्राथमिकताक संग प्रारंभ करब आ दरभंगा - कुशेश्वरस्थान, कुशेश्वरस्थान - सहरसा,



रेलवे बोर्डक नव अध्यक्ष के बधाई दैत सांसद

कुशेश्वरस्थान - खगड़िया नव रेलखंड निर्माणक दिशा मे विभागीय पहल करबाक आग्रह कएलनि। ओ दरभंगा- सीतामढ़ी- रक्सौल- नरकटियागंज, दरभंगा- जयनगर आ दरभंगा- हरनगर रेलखंड के दोहरीकरण करबाक आग्रह सेहो कएलनि। सांसद कहलनि जे देशक यशस्वी प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ रेलमंत्री अश्वनी वैष्णवजी मिथिलाआ दरभंगा के सर्वांगीण विकास हेतु प्रतिबद्ध छथि।

### समस्तीपुर शहर मे जनसुविधा, विकास आओर स्वच्छताक विकास के देलनि आश्वासन

# चित्रांश परिवार सँ राजेश कुमार वर्मा लड़ताह समस्तीपुर नगर निगम कैँ डिप्टी मेयरक चुनाव

### नगर निगम मे भ्रष्टाचार आओर लूटक लगौलनि आरोप

समस्तीपुर, बिहार ।

समस्तीपुर नगर निगम कें डिप्टी मेयर पदक चुनाव लड़बाक धरमपुर-मुसापुर, समस्तीपुर निवासी जनक्रांति हिन्दी न्यूज बुलेटिन कैं प्रकाशक/ सम्पादक-सह-युग क्रांति दल, किसान प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्ष संगहि चित्रांश सेवा समितिक संस्थापक सचिव राजेश कुमार वर्मा 'चित्रांश' लेलन्हि निर्णय । श्री वर्मा



डिप्टी मेयर पद कऽ चुनाव लड़बाक अनौपचारिक घोषणा करैत कहलन्हि कि समस्तीपुर नगर निगम कए नरक निगम बनल रहला सं खासतौर पर हम बहुत आहत छी। किए कि हमर माननीय सरकार द्वारा तं स्वच्छता अभियानक ढ़ोल पीटल जाएत अछि कि हम्मर देश स्वच्छ आओर साफ-सफाई दिखाई दऽ रहल अछि, मुदा सच्चाई जगजाहिर अछि। हमर बिहार राज्यक जिला सभक भ्रमण कएलजाय तँ स्वच्छताक नाम पर करय जाय वाला करोड़ों टकाक सांच अपनेक सामने होएत । मुदा एकरा कोनो प्रशासनिक अधिकारी वा जनप्रतिनिधि देखय वाला नहि छथि । आजु जे किछु अछि प्रशासनिक अधिकारी जत्तए बैसल छथि अपन उल्लू सीधा कय कार्य कैं इतिश्री करब पसंद करैत छथि । जाहिसँ नगर निगम क्षेत्रक जनता चाहे सड़क कऽ मामला हो, घर सँ निकलय वाला गंदा पानिक बहाव कऽ समस्या हो, नालाक साफ - सफाई कऽ समस्या हो, शहर मे जामक समस्या हो वा अपराधिक घटना हो एहि सभसँ सामना करय हेतु मजबूर बनल रहैत छथि । कूड़ा- कचरा संग सड़क पर नाला उपटि बहय वाला गंदा पानि, कचराक ढ़ेर, घंटों जाम सँ परेशानी उठाबैत ओहि मार्ग सँ गुजरब मजबूरी बनल अछि। वो आम नागरिक सँ अपील करैत कहलन्हि कि जनता सँ आशा करैत छी कि अगर नगर निगम क्षेत्रक पूर्ण विकास आओर सभ जरूरी समस्याक निदान सहित समाजकैं स्वच्छ व उत्तम स्वास्थ्य देबाक होए तँ राजेश कुमार वर्मा, चित्रांश परिवारक एकमात्र सदस्य कैं एक बेर डिप्टी मेयर कऽ पद पर सुशोभित करि देखू । हिनक कहब अछि जे समस्तीपुर नगर निगम कए स्मार्ट सिटी बनाएब संगहि प्रत्येक बेरोजगार सभकैं अपनहि नगर निगम क्षेत्रमे रोजगारक प्रबन्ध, आर्थिक रुप सँ लाचार परिवार कें आर्थिक सहायता प्रदान कयल जाएत, ओतहि नगर निगम क्षेत्र कें नरक सँ उबार कैं एक अथक प्रयासक शुरुआत कयल जाएत। यैह जनता सँ हमर विनती रहत। अपने सभ लोकनिकैं नववर्ष 2022 कऽ मंगलकामना सहित हार्दिक बधाई व शुभकामना....।

## खजौली सीएचसी स्वास्थ्य कर्मी पॉजिटिव

**लदनियां**। कोरोनाक बढ़ैत कदम कें रोकथामक दिसा मे प्रखंड स्वास्थ्य समितिक दिस सं कोरोना टेस्टिंग के रफ्तार बढ़ा देल गेल अछि। पिछला दस दिन मे कुल 7434 लोकनि के जांच कएल गेल। जांच मे 5811 एंटीजेन आ 1623 आरटीपीसीआर जांच शामिल अछि। एखनतक कएल गेल जांच मे सोमदिन सीएचसी मे एकटा स्वास्थ्य कर्मी कें जांच पॉजिटिव आएल। सोमदिन कुल 150 लोकनिक जांच मे हुनकर जांच सेहो कएल गेल छल। ताहि लेल हुनका होम आइसोलेट कएल गेल। केयर इंडिया टेकर कें तत्परता सं एक दिस जतए टीकाकरण मे तेजी आएल, ओतए कोरोनाक जांच मे सेहो तेजी आएल अछि। हिनका द्वारा सभ स्वास्थ्य कर्मी कें प्रशिक्षित कएल गेल । जानकारी दैत सीएचसी प्रभारी डॉ. कुमार अमन बतोलनि जे कोरोनाक विरूद्ध लड़ाई लड़ल जाएत।

# परीक्षार्थीक लेल उपयोगी अछि मैपुनप्र : उदय शंकर

दरभंगा | दीपक कुमार झा

मैथिली अखबारक पाठक गण धीरे धीरे बढ़ि रहल छथि। अखबार मे छपल समाचार अपन मातृभाषा मैथिली मे देखि क मोन गद गद भ रहल अछि। उक्त जनतब दैत ऑल बिहार ब्राह्मण फेडरेशन के प्रदेश अध्यक्ष उदय शंकर चौधरी रवि दिन अखबार पढ़ैत कहलैन। ओ कहलैन जे 2022 मे ई पहिल सब स प्रसन्नता भेटल जे अपन भाषा मे अखबार पढ़ि रहल छी।` "मैथिली पुनर्जागरण प्रकाश" नामक ई मैथिली अखबार सुगमतापूर्वक हमरा हॉकर के माध्यम स भेट जाइत अछि। मैथिली भाषा मे दैनिक अखबार एला सौं आब विश्वास अछि जे एहि सौं एकर विकास अवश्य होयत।

जनतब दी जे श्री चौधरी ऑल इंडिया ब्राह्मण फेडरेशन के एहि बेर दोबारा




उदय शंकर चौधरी

राष्ट्रीय उपाध्यक्ष सेहो चूनल गेलाह। ओ मैथिली भाषा सौं बीपीएससी आ यूपीएससी परीक्षाक तैयारी कर' बला विद्यार्थी सभ कें आवाह्न करैत कहलैन जे ई अखबार प्रत्येक दिन पढ़ला सौं हुनका निश्चित रूप सौं लाभ पहुंचतैन्ह। ओ राष्ट्रिय दैनिक मैथिली अखबार मैथिली पुनर्जागरण प्रकाश कें शुभकामना दैत कहलैन जे ई अखबार अहिना आगू बढ़ैत रहय आ हमरा लोकैन लाभान्वित होइत रही।

# रेलवे स्टेशन पर भेल जांच, 20 संक्रमित, 1098 रेलयात्री के स्टेशन पर कोरोना जांच, 20 टा यात्री निकलल संक्रमित

**सहरसा** | संवाद सहयोगी

कोरोनाक बढैत ग्राफ एक बेर फेर सं लोक कें डरा रहल अछि। ई एकटा पैघ चिंताक विषय बनि गेल अछि, मुदा कोरोना सं डरबाक नै लड़बाक चाही।तकरा लेल जागरूकता आ सावधानी राखब अनिवार्य अछि। सहरसा रेलवे स्टेशन पर आन राज्य सं आबएवला यात्रीगणक बीच संक्रमणक ग्राफ तेज गति सं लगातार पसरल जा रहल अछि। पछिला छह दिन मे सहरसा जंक्शन पर करीब छह हजार रेलयात्री कें कोरोना जांच भेल ।जाहि मे अखन तक 160 सं बेसी रेलयात्री कोरोना संक्रमित पाओल गेलाह। ओतहि रविदिन कुल 1098 रेलयात्रीक संक्रमण जांच भेल जाहि मे सं 20 गोट यात्री पॉजिटिव पाओल गेल। दूरदराज क्षेत्र सं आबएवला रेलगाड़ी मे हाटे बाजार , वैशाली सुपरफास्ट , राज्यरानी सहित कतेको रेलगाड़ी अबैत अछि। विदित हो कि कोरोनाक तेसरि लहरि देखैत द्रुत गति सं जांच अभियान चलाओल जा रहल अछि जकरा कारण सभ स्टेशन पर नियमित रूप सं आबएवला यात्रीगण कें जांच कएल जाइत अछि।





नगर परिषदक सदस्य सभकें संबोधित करैत डीएम आ रेलवे स्टेशन पर होइत जांच।

**इधर,** डीएम आनंद शर्मा के सकारात्मक सोच आ प्रयासक बादो लोकक भीतर जागरूकता नै आबि रहल अछि। एकर परिणाम ई भेल जे एखन धरि कोरोना पाज़िटिव लोकक संख्या सहरसा में बढ़ि क' ३३७ तक पहुंच गेल छै। जाहि मे सं सहरसाक ६८ प्रतिशत आबादी नगर परिषदक अछि। नगर परिषदक सदस्य सभकें संबोधित करैत डीएम आनंद शर्मा कहलनि जे कोरोना पाज़िटिव के संख्या लगातार बढ़ि रहल छै। तैंए हमरा सभकें एहि दिस ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। एसडीओ प्रदीप कुमार झा के मोताबिक जिला प्रशासन अपना दिस सं बहुत प्रयास कए रहल अछि। मुदा, जनता जनार्दन के अपनहुं सोचबाक चाही। रोज रोज सए डेढ़ सए कें संख्या मे होइत बढ़ोतरी सं सभकें सावधान होएबाक जरुरी अछि।

# डीएम कएलनि निर्माणाधीन गांधी स्मृति भवनक निरीक्षण, देलनि निर्देश

**मोतिहारी** | समदिया

मोतीहारी मे करीब 44 करोड़क लागत सं गांधी स्मृति भवनक निर्माण कएल जा रहल अछि। जाहिमे 2000 लोककें बैसए के व्यवस्था रहत। जकरा जिलाधिकारी द्वारा निरीक्षण कएल गेल, ओ कहलनि जे भवनक भव्य रूप सं संवारक लेल लॉनक निर्माण कएल जाएत, जाहि में पार्किंगक व्यवस्था रहत। सुरक्षाक दृष्टि सं बाउंड्रीक ऊपर कांटेदार वायर लगाऔल गेल अछि । पार्क कें सुंदर बनेबाक लेल जनरेटर सेट-दू, सीसीटीवी, रोशनीक व्यवस्था, एयर कंडीशन, रोज गार्डन, बड़का फ्लैग, लाइटिंग आदिक समुचित व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाएत। तहिना कलरफुल लाइटिंग द्वारा भवन के आर सुंदर बनाओल जाएत। ओ संबंधित पदाधिकारी के निर्देश दैत कहलनि जे भवन के रख रखाव, बेहतर ढंग सं सुनिश्चित कएल जाए। एहि अवसर पर अपर समाहर्ता आपदा प्रबंधन सहित अन्य प्रशासनिक पदाधिकारी मौजूद छलाह।



गांधी स्मृति भवनक निरीक्षण करैत डीएम।

## मधुबनी मे अंबेडकर प्रतिमाक समक्ष कयल गेल धरना प्रदर्शन

# हमर पीएम हमर अभिमान, प्रधानमंत्रीक अपमान नहि सहत हिंदुस्तान : भाजपा

**मधुबनी** | समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सुरक्षा मे भूल चूक केर विरोध मे देश भरि मे लगातार विरोध प्रदर्शन भ' रहल अछि। भाजपा सहित विभिन्न संगठन आ राजनीतिक दल द्वारा एकर निंदा कयल जा रहल अछि। सोम कें ऐ घटनाक विरोध भाजपा द्वारा मौन धरना कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। मौन धरना भाजपा अनुसूचित मोर्चाक जिलाध्यक्ष चंदन पासवानक नेतृत्व मे अंबेडकर मूर्तिक समीप कयल गेल। ऐ सं पूर्व ओ कहलनि जे प्रधानमंत्रीक सुरक्षा मे चूक कांग्रेस पार्टीक निम्न मानसिकताक परिणाम अछि। ई घटना खालिस्तानी समर्थक सबहक षडयंत्र अछि। भाजपाक जिला उपाध्यक्ष महेंद्र पासवान कांग्रेस पर आतंकवादी सभ सं मिलल रहबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री संपूर्ण देशक होइत छथि आ हुनकर सुरक्षाक चिंता सेहो सबहक होइत अछि। एकरा दलगत भावना सं ऊपर उठि क' देखक चाही। मुदा पंजाब मे कांग्रेसक जे व्यवहार अछि, ओ निंदनीय अछि।



अंबेडकर प्रतिमा लग मौन धरना पर बैसल भाजपा कार्यकर्ता।

भाजपा जिला मंत्री राधा देवी, मीडिया प्रभारी मनोज कुमार मुन्ना, सोशल मीडिया एवं आइटी सेल जिला संयोजक राजीव झा अनुसूचित मोर्चाक पदाधिकार लोकनि मे अशोक पासवान, वीनू राम, राम बाबू दास, जगत पासवान, राजाराम चौपाल, पलटन पासवान, राम राजकुमार राम, प्रदीप पासवान, पवन पासवान, आकश कुमार आदि उपस्थित छलाह।

जनतब दी जे पांच जनवरीकें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी पंजाब मे एकटा रैली कें संबोधित करबा लेल जा रहल छलाह। मौसिम खराप भ' जेबाक कारणें हुनका सड़क मार्गक सहारा लेब' पड़लनि। बताएल जाइत अछि जे ऐ बातक जनतब पंजाबक डीजीपी आ पंजाब सरकार कें एसजीपी गृह मंत्रालय द्वारा पहिनहिं सूचना द' देल गेल छल। मुदा एकर बादो प्रदर्शनकारी सभ द्वारा राजमार्ग कें घेरि लेल गेल छल। प्रधानमंत्री कें ऐ राजमार्ग पर लगभग 15-20 मिनट धरि रुक' पड़लनि। ऐ घटनाक विरोध मे देश मे लगातार विरोध प्रदर्शन कयल जा रहल अछि।

## अस्पतालक दू गोट स्वास्थ्य कर्मी संक्रमित

**जयनगर।** अनुमंडल अस्पताल मे पदस्थापित दू टा स्वास्थ्य कर्मी कोविड के चपेट मे आबि गेलाह अछि। सोम दिन जांच मे ओ दुनु गोटे पॉजिटिव पायल गेलाह। डीएस कुमार रोनित कहलनि जे हुनका दुनु के होम आइसोलेशन में पठाओल गेल अछि। दू दिन पहिने सेलरा गामक एक गोट पन्द्रह वर्षीया बालिका संक्रमित भेल छलीह । जयनगर प्रखण्ड में सोम दिन तक तीन संक्रमित के पहचान कयल गेल अछि। सोम दिन बहुत गोटे कोविड टेस्ट कराबय अनुमण्डल अस्पताल आयल छलथि। संक्रमित दुनु स्वास्थ्य कर्मी मे कोविड के प्रारंभिक सिम्टम्स नई रहलाक बादो जांच में संक्रमित पायल जायब चर्चा के विषय बनल अछि। स्वास्थ्य विभाग के सूत्र जनौलक जे लोक के कोविड गाइड लाइन के पालन करक चाही आ सावधानी बरतक चाही। मुदा लोक एखनो लापरवाही बरतिक अपन जीवनक संग खेलवाड़ क' रहल छथि।

# मधुबनी : वेतन बढ़ाउ नै त' छोड़ि देब नोकरी



**मधुबनी**| स्वास्थ्य विभाग के सिक्युरिटी गार्ड इलाइट फाल्कन सिक्युरिटी के देलेन धमकी ,वेतन बढ़ा क' नै भेटल त' छोडि देब ड्यूटी। वेतन बढ़ोतरी आ सही समय पर भुगतान के ल' स्वास्थ्य विभाग कें सिक्युरिटी गार्ड इलाइट फॉल्कन सिक्युरिटी सदर अस्पताल मधुबनी के आवेदन द' वेतन बढ़ोतरी आ समय पर वेतन नवंबर के बढ़ोतरी क वेतन के मांग कएलक। संगहि कहलक जे वेतन नै बढ़ल त' ड्यूटी छोइर देब। आवेदन देनिहार गार्ड मो बासिरुल,मुन्ना कुमार,नागेस्वर महतो,कैलाश प्रसाद,रूपेश चौधरी, बसंत झा सहित कतेको गार्ड आवेदन पर हस्ताक्षर क' आवेदन देलनि।

# एसपी कएलनि थानाक औचक निरीक्षण

**रहिका**| रहिका थानाक औचक निरीक्षण सोमक सांझ मे जिला पुलिस अधीक्षक डॉ सत्यप्रकाश कएलनि । निरीक्षण क्रम मे रहिका थानाध्यक्ष व पुलिस कर्मी लोकनिकें अनेको निर्देश देल गेल। एसपी कहलनि जे बिहार मे शराब बंदी कानून लागू अछि, अहिमे सभ पुलिस लोकनि अहि पर जीरोटार्लेस पर काम करू। हमरा पूरा शराब बंदी चाही अहि मे शिथिलता बरतवला पुलिस लोकनि पर निश्चित रूप सं कार्यवाही होएत । तकर बाद थाना अध्यक्ष के निर्देश दैत कहलनि जे जाड़क मास पूसक राति मे चोरिक घटना बढ़ि जएबाक संभावना देखैत, रात्रिक गश्ती मे तेजी लाउ ।ओकर वाद थाना मे अखन तक के लंबित मामला अछि ओकर अविलंब निष्पादन करू आ ओकर अलावे थानाक्षेत्रक अंदर अधिकांश होएवला दुर्घटना स्थल पर पुछ ताछ,रोको,टोको अभियानक तहत लोककें जागरूक करू । चौक चौराहा पर लोक जमा नै होए दिऔ। संक्रमन काल मे क्षेत्र मे लगातार मास्क चेकिंग अभियान चला आ समाजिक दुरी राखए लेल पुलिस कर्मी के कहलनि।



# बिना आम सभाकें गठित समितिक ग्रामीण केलक बिरोध

**सहरसा** | समदिया

सहरसाक महिषी प्रखंडक सीओ द्वारा बिना आम सभाकें गठित न्यास समिति के ग्रामीण सभ विरोध कएल गेल। प्राप्त सूचनाक मोताबिक महिषी प्रखंडक सीओ बिना कोनो तरहक सूचना आ कि बिना आमसभा के स्वीकृति के श्रीउग्रतारा न्यास समिति के गठन कएलनि। जाहि कारण सं महिषी के ग्रामीण सभ एहि बातक विरोध कएलनि। जखन कि ग्रामीण सब सीओ देवनंदन सिंह सं सवाल पूछलनि त' ओकर जवाब में ओ कहलनि जे ई हुंनका सं त्रुटि भेलनि। दू सए सं अधिक ग्रामीण सभक हस्ताक्षरयुक्त आवेदन द' क' ग्रामीण सभ न्यास समितिक पुनर्गठन कें मांग केलनि।



फोटो 07 समिति गठन के बिरोध जतबैत ग्रामीण

राजनीतिक दबावक कारण औना पौना भाव मे न्यास समितिक गठन के बातक स्वीकृत करैत सीओ शिवनंदन सिंह एकर पुनर्गठन लेल आवेदन के मांग केलखिन। एहि संदर्भ मे ग्रामीण सभकें संग सुमन ठाकुर, अवधेश चौधरी,पवन चौधरी,राणा चौधरी, शंकर झा, मिथिलेश झा आदि छलाह।

## लनामि विवि सीनेट बैठक 13 को होगी ऑनलाइन

**दरभंगा** | समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय सीनेटक बैसार भौतिक रूप मे नै होएत। आब एकर आयोजन आभासी माध्यम (ऑनलाइन) सं कएल जाएत । एकर जानकारी कुल सचिव प्रो मुश्ताक अहमद न सोमदिन सूचना जारी क' देलनि। सूचना मे कहल गेल अछि जे राज्य सरकार सं जारी कोविड महामारीक संबंध मे जारी निर्देशक कारण ई परिवर्तन कएल गेल अछि। ऑनलाइन बैसार मे सम्मिलित होबए लेल 12 जनबरी तक सभ सदस्य के व्हाट्सएप पर 'सीनेट मेम्बर्स ग्रुप' उपलब्ध करा देल जाएत। बैसार सं जुड़ए मे कोनो सदस्य कें कोनो प्रकारक तकनीकी समस्या होएत त' सहयोगक लेल विश्वविद्यालय सॉफ्टवेयर इंजीनियर गणेश पासवान मोबाइल नंबर 9304470572 पर सदिखन तैयार रहता। आवश्यकतानुसार सदस्य हुनका सं संपर्क क' सकैत छथि।

# चोरी कयल मोटरसाइकिल संग दू टा आरोपित पकड़ायल,दू अखनो निपत्ता

**सहरसा** | संवाद सहयोगी

जिला केर सलखुआ थाना क्षेत्रक रसलपुर गांव निवासी एवं वर्तमान में मिश्रा टोला , वार्ड नंबर 33 में रहनिहार नवनीत कुमार केर मोटरसाइकिल किछू दिन पहिने चोरी भ गेल छल।ताहि संबंध में बीतल 7 जनवरी केर मोटरसाइकिल चोरी स संबंधित सदर थाना में शिकायत दर्ज करौलनि।हुनकर द्वारा दर्ज शिकायत पर पुलिस तत्क्षण कारवाई करैत जगह जगह छापेमारी कयलनि।तकर परिणाम स्वरूप दू गोट मोटरसाइकिल चोर के चोरी कयल मोटरसाइकिल के संग चोटहि पकड़ि लेलनि।ओतहि दू गोट अन्य आरोपी संगी पुलिस पकड़ स निपत्ता अछि।ओकरा पकड़बा लेल छापामारी चलि रहल अछि।सदर थाना अध्यक्ष जयशंकर प्रसाद बतौलनि जे नवनीत कुमार द्वारा अप्पन मोटरसाइकिल बीआर 19 के 7397 केर चोरी होयबाक शिकायत दर्ज करौने छलाह ताहि मामला में छापेमारी कयल गेल।जाहि में चोरी के बाइक के संग मधेपुरा जिलाक श्रीपुर गांव , वार्ड नंबर11 निवासी एवं वर्तमान में सिमराहा टोला , राजवाड़ा , वार्ड नंबर 35 निवासी अभय कुमार केर गिरफ्तारी कयल गेल अछि।ओतहि ओकर दू गोट लूटेरा संगी सौर बाजार थाना क्षेत्रक बैजनाथपुर ओपी क्षेत्र के तिरी गांव , वार्ड नंबर 4 निवासी धीरेंद्र यादव केर पुत्र अमन राजक गिरफ्तारी भेल अछि।ओकरे दुनू के निशानदेही पर चोरी भेल मोटरसाइकिलक बरामदगी भेल अछि।पकड़ायल चोरबा बतौलक जे ओकर दू गोट लूटेरा संगी सिमराहा टोला , राजवाड़ा , वार्ड नंबर 35 निवासी लव कुश कुमार एवं राजवाड़ा के ही रितिक यादव उर्फ सौरभ कुमार चोरी केर घटना में शामिल छल।



## पशु तस्कर केलक पुलिस पर फायरिंग, चोरीक भैंस आनय लेल गेल छल पुलिस

**सहरसा** | समदिया

सहरसाक जम्हरा पंचायतक लगीच किसनपुर भद्दी कला नहर स्थित फाड़ी टोला के ल'ग पशु तस्कर सभ द्वारा पुलिस पर गोलीबारी कएल गेल। प्राप्त सूचनाक मोताबिक पशु तस्कर सभ चाकरिक महिष घुराबए नाम पर २५ हजार टाका के मांग कएने रहए। मुदा पशु मालिक सभ पुलिस सं एकर शिकायत दर्ज करेलक। जाहि पर पुलिस के छापेमारीक दौरान अन्हरिया कें लाभ उठा पशु तस्कर गोली बरसाबैत भागए मे सफल भ गेल।

जानकारीक अनुसार पतरघट ओपी अध्यक्ष ज्ञानानंद अमरेंद्र पुलिस बल के साथ पामा हाट पहुंचला। मुदा,जखन ओ ग्रामीण सबके संग पशु तस्कर के पीछा कएलनि, पशु तस्कर द्वारा ताबड़तोड़ फायरिंग शुरू क देलक। फेर पुलिस के अपन बचाव करए के सिवा किछु नहि रहल।

# समाजसेवा केर नव आयाम पेश क रहलाह नव दंपत्ति रौशन आ रश्मि

**सहरसा** | सुभाष चन्द्र झा

वर्त्तमान समय मे जखन समाजसेवा मे स्वार्थी, पाखंडी आ धूर्त लोकक जमाबड़ा लागल अछि तकर बाबजूद एकटा नव दंपत्ति समाजसेवा केर नव आयाम गढि रहल छथि।एहि ठाम हम बात क रहल छी युवा समाजसेवी आर रक्तदानी रौशन झा एवं हुनक धर्मपत्नी रश्मि झा केर।विदित हो जे दुनू प्राणी अप्पन अप्पन सर्वस्व अंगदान, देहदान आर नेत्रदान कय समाज केर नव सीख द रहल छथि।रौशन झा बैंगलोर सँ एमबीए कयला उपरांत बरख 2008 स सहरसा मे व्यवसाय करैत छथि।संगहि अखन तक सैकड़ो नवयुवक केर प्रशिक्षित कय आन आन जगह पर रोजगार दियौलनि।ताहि कारणे ओ नवयुवक सब बढिया मुकाम हासिल कयलनि।





2014 मे अप्पन पुत्रक जन्म केर उपरांत इलाज करयबाक क्रम मे दुनू प्राणी खून लेल व्याकुल आर परेशान लोक कैं देखलन्हि।ताहि स द्रवित भ समाजसेवा केर प्रण कयलनि।अप्पन जिनगी केर ध्येय बना रक्तदान करबाक लेल जागरूकता अभियान चलौलनि।संगहि अप्पनो दुनू प्राणी रक्तदान करय लगलाह।रौशन बतौलनि जे अखन तक तीस बेर रक्तदान क चुकलहू।एहि रक्तदान में हुनक पत्नी रश्मि झा सेहो बराबर सहयोगी बनि सदिखन संग संग हौसला बढबैत छथिन्ह ।दुनू प्राणी रक्तदान केर बाद अंगदान देहदान लेल लोक के जागरूक करबाक लेल दधीचि देहदान समिति केर तत्वावधान में स्वेच्छा स अप्पन शरीर केर सम्पूर्ण अंग दान करबाक फैसला लेलनि।आर एहि दिशा में निरंतर प्रयत्नशील छथि।हिनक उद्देश्य छन्हि जे मृत्यु भेलाक बाद लोक दान कयल अंग प्रत्यंग स संसार में जीवित रहथि आ अमरत्व प्राप्त होथि।वास्तव में एहन दंपति समाज लेल अनुकरणीय थाती छथि जिनक भावना निःस्वार्थ, निर्लोभ आर निर्मल अछि। रश्मि झा बायो टेक्नोलॉजी स मास्टर्स होयबाक बाबजूद बढिया नौकरी केर छोड़ि अप्पन पतिक संग समाजसेवा में संलग्न छथि ओतहि स्त्रीगन सब के रक्तदान, अंगदानक लेल जागरूक करैत छथि।पिछला कतेको साल स भूलल भटकल, बुढ़ , विकलांग, स्त्रीगन आर बच्चा सबहक पता लगाकय हुनका घर तक पहुंचेबाक पुनीत कर्तव्य निरंतर रौशन झा क रहल छथि।जाहि में सोशल मीडिया केर पैध भूमिका रहैत अछि। जकरा माध्यम स कतेको लोक केर सहायता पहुँचा रहल छथि।जे समाज लेल अनुकरणीय अछि।

## अलाव कतए लागल आ के तपलक

**खजौली**| आई काल्हि सर्द आ कनकनी खूब बढ़ी गेल अछि । घर सं बाहर निकलब मुश्किल भ' गेल अछि । माल जाल आ बुढ़वा सभक लेल आओर परेशानी बढ़ि गेल अछि । सूरजक दर्शन सेहो कमे होईत अछि । शनिदिन कैं एकटा हिंदी दैनिक सामाचार पत्र मे सामाचार छपल छल, जे जिला आपदा प्रबन्धन पदाधिकारी मधुबनीक पत्रक आलोक मे अंचलाधिकारी खजौली मनीष कुमार पांच क्विंटल लकड़ी देलनि, जाहि सं खजौली बाजार मे अम्बेडकर चौक, सन्तु चौक, हास्पिटल चौक आ मंगती चौक पर अलाव जराओल गेल। मुदा आई ई संवाददाता ऊपर लिखल जगह सभ पर ओकर छाउरो नै देखलक। ओहुना खजौली मे ऊपर लिखल मात्र चारिटा चौक नै अछि। खजौली अंचलक चौदहों पँचायत सभ मे कतोको चौक चौराहा अछि, जतए अलाव जरेबाक आवश्यकता अछि, जाहि सं की गरीब गुरवा लोकनि कें राहत भेट सकए।

# जयनगर मे गुरु गोबिंद सिंह केर 355 म प्रकाश धूमधाम सँ मनाओल गेल

**जयनगर** | समदिया

सिख धर्म के दसवें गुरु गोबिंद सिंहक 355वां प्रकाश पर्व जयनगर मुख्य सड़क लग गुरूद्वारा गुरूसिंह सभा मे धुमधामक संग मनाउल गेल। हालांकि बढ़ैत कोरोना आ सरकार द्वारा देल गेल कोरोना गाइड लाइनक पालन करैत हुए कार्यक्रम साधारण रूप मे कयल गेल।

सिख समुदायक लोकक एक दिन पूर्व प्रभातफेरी निकाल लक आ रविवार के सभटा गुरूद्वारा मे शब्द कीर्तन आ पाठक आयोजन कयल गेल। अइ अवसर पर गुरूद्वारा के कृत्रिम रौशनी आ फूल सँ बड मनमोहक ढंग सँ सजायाल गेल। देर राति पाठ आ अरदासक आयोजन कयल गेल। पाठ आ अरदास गुरूद्वारा के ज्ञानी भूपेंद्र सिंहक द्वारा कयल गेल। सरदार राजू सिंह कहलन कि गुरु गोबिंद सिंह जी सिख धर्मक दसवें आ अंतिम गुरु छल। ओकर बाद हुनकर आज्ञानुसार ग्रन्थ साहब के गुरु मानल जाइत। सरदार राजू सिंह कहलनकि कार्यक्रम के कोरोना गाइड लाइनक पालन करीत हुए सादगी संग मनायल गेल अछि। कार्यक्रम मे सरदार टीपू सिंह, सरदार महेन्द्र सिंह, सरदार कक्के सिंह, सरदार रौशन सिंह, सरदार सेठी सिंह, कुलदीप सिंह, हरमिन्दर सिंह, नवनीत सिंह, रंजीत सिंह, पीन्चू सिंह, नवनीत कौर, रंजीत कौर, दलजीत कौर, इन्द्रजीत कौर, प्रीतम कौर, हरप्रीत कौर, मिन्टी कौर समेत सिख समुदाय के महिला, पुरूष आ बच्चा शामिल छल।



संपादकीय

## कोरोनाक तेसर लहरि : डर नहि, सतर्कता अछि आवश्यक

तेजी सं बढ़ैत संक्रमण कें देखि क' ई बात स्पष्ट भ' गेल अछि जे देश कोरोनाक तेसर लहरि आबि गेल अछि। विशेषज्ञ सेहो आब ई मान' लगलाह अछि जे देश मे तेसर लहरि आब आबि गेल अछि। तमाम पैघ शहर मे कोरोनाक जे मामला आबि रहल अछि, ओइ मे सं बेसी रोगी कोरोनाक नव वेरिएंट ओमिक्रॉन सं संक्रमित छथि। ओमिक्रॉन सभ सं बेसी संक्रामक अछि। एहन मे ई चिंता हैब स्वभाविक अछि जे ई तेसर लहरि सेहो बेकाबू नहि भ' जाय। दिल्ली मे साप्ताहिक कफ़्यूक संगे सरकारी कार्यालय सभ मे (आवश्यक सेवा कें छोडि क') संपूर्ण रूप सं वर्क फार्म होम भ' रहल अछि। संगहि निजी कार्यलय मे 50 प्रतिशत उपस्थितिक आदेश देल गेल अछि। मेट्रो स्टेशन आ भीड़भाड़ सनक स्थिति कें टारबाक लेल मेट्रो आ बस मे पूर्ण क्षमताक संग यात्री लोकनिक कें बैसबा लेल कहल गेल अछि मुदा कोनहुं हालति मे ककरो बिना मास्क कें प्रवेश नहि देल जाएत। एहने तरहक प्रतिबंध अन्य राज्य सभ मे सेहो लगाएल जाएत।

**तमाम पैघ शहर मे कोरोनाक जे मामला आबि रहल अछि, ओइ मे सं बेसी रोगी कोरोनाक नव वेरिएंट ओमिक्रॉन सं संक्रमित छथि। एहन मे ई चिंता हैब स्वभाविक अछि जे ई तेसर लहरि सेहो बेकाबू नहि भ' जाय।**

ऐ सबहक बीच टीकाकरण अभियान त' यथासंभव तेजी सं चलि रहल अछि। 15 सं 18 सालक बीच नवयुवा कें सेहो वैक्सीन देबाक शुरुआत क' देल गेल अछि। पहिल दिन देश भरि मे 41 लाख सं बेसी किशोर लोकनि कें पहिल डोजक टीका देल गेल अछि। तेसर लहरि कें देखैत बचाव केर उपाय सभ पर सेहो जोर देल गेल अछि। संगहि ऐ बात ध्यान सेहो राखल जा रहल अछि जे अनावश्यक रूप सं डर नहि पसरय। सावधानी आ डर मे अंतर होइत अछि, जं ई भेद मेटा जाइत छै त' स्थिति बेसी विकट भ' जाइत छैक। पहिल लॉकडाउन आ दोसर लॉकडाउन केर हालति उपजल स्थिति आइयो स्मृति पटल पर बनल अछि। तें दुनू तरहक अतिरेक सं बचबाक बेसी आवश्यक अछि। दिल्ली सरकार नाइट कफ़्र्यू आ वर्क फ्रॉर्म होम सनक डेग उठाएल गेल अछि। संगहि दिल्ली सरकार द्वारा ई साफ क' देल गेल अछि जे दिल्ली मे कोनो तरहक लॉकडाउन नहि लगाएल जाएत। निश्चित रूप सं ओमिक्रॉन सं संपूर्ण दुनियां त्रस्त अछि। एकरा आर बेसी तेजी सं पसरबाक संभावना अछि। एहन स्थिति कें देखैत हमरा सभ कें रिस्क नहि लेमक चाही। तें हमरा सभ कें कोरोना प्रोटाकॉल कें फॉलो करैत अपन काज करक चाही। इएह हमरा सबहक लेल उचित हैत।



## एक नजरि आजुक इतिहास पर

जापानक सम्राट कोमयोक जन्म 1320 मे भेल। चिंग थांग खोंबा मणिपुर कें 1779 मे राजा बनलथि आ ताज पहिनलथि। विलियम हर्शेल युरेनस कें दू टा चन्द्रमा तीतनियां आ ओबर्नोनक पता 1787 मे लगौलथि। संयुक्त राज्य अमेरिका मे 1805 मे मिशिगन राजधानी बनाओल गेल। प्रसिद्ध अमरीकी दार्शनिक आ विचारक विलियम जेम्ज़क जन्म 1842 मे न्यूयॉर्क मे भेल। एलिज़ाबेथ ब्लेकबेल अमेरिका मे 1849 मे चिकित्सा डिग्री हासिल करयवाली पहिल महिला बनलीह। अमेरिकी नागरिक युद्ध अलबामा 1861 मे संयुक्त राष्ट्र संघ सं अलग भेल। ग्लो आ जुलु युद्धक आरंभ 1889 मे शुरू भेल। डायबिटीजक रोगी कें पहिल बेर इन्सुलिन 1922 मे देल गेल। बाल मजदूरीक विरोध मे आबाज उठाबय वाला नोबेल विजेता कैलाश सत्यार्थीक जन्म 1954 मे भेल। जय जवान जय किसानक नारा देमयवाला तत्कालीन प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्री जीक मृत्यु ताशकंद मे 1966 मे भेल। पूर्वी पाकिस्तान बंगला देशक रूप मे 1972 मे स्वयं देश बनल। माउंट एवरेस्टक पहिल आरोहनकर्ता आ समाजसेवी सर एडमंड हिलारिक मृत्यु 2008 मे भेल। 66 म गोल्डन ग्लोब एवार्ड मे स्लम डाग मिलियनेयर कें 2009 मे सर्वश्रेष्ठ फिल्म एवार्ड भेटल। शिबु सोरेन संस्थापक झारखंड मुक्ति मोर्चाक आ भूतपूर्व मुख्यमंत्री झारखंडक जन्म 1944 मे भेल। बाबू लाल मरांडी राजनीतिज्ञक जन्म 1958 मे भेल।

**विशेष दिवस : लाल बहादुर शास्त्री स्मृति दिवस आ विशेष दिवस, संकलन, शोभा झा**

# जतय गुदड़ी पहिर सिया आँगन निपय चलू प्रीतम ओतय

कुमार विक्रमादित्य



जतय गुदड़ी पहिर सिया आँगन निपय जखन लिखल गेल होयत शायद ओही समयक समाजक ओ प्रतिबिम्ब होयत . मुदा आब हमर सिया आँगन स' बहार निकैल क' ऊँचाईक विभिन्न प्रतिमान के छू रहल अछि . आइ अप्पन मिथिला के धीया हरेक क्षेत्र मे अप्पन काजक लोह मना रहल अछि. समय बदलल आ सिया जे घरक दह्लीज के लांघब अपराध बुझैत छलीह से आब शायदे कोनो क्षेत्र होयत जाहि मे ओ अप्पन उपस्थिति नहि दर्ज केने होयत. ताजा उदाहरण छैथ मधुबनी के संप्रिती जिनका गूगल १ करोड ग्यारह लाखक सलाना पैकेज देवाक एलान केलक। एहेन अनेको उदाहरण अछि जाहि मे स्पष्ट रूपे देखल जा सकैत अछि जे अगर धीया के मौका भेटय तँ ओ कखनो पुता स' पाछां नहि रह्तीह . गुदरी शब्द अपना आप मे मिथिलाक विभिन्न प्रतिमान के बखान करैत अछि . एक सामान्य अर्थ तँ फाटल चीटल वस्त्र तँ दोसर अर्थ हमर सीताक सौम्यता आ विनम्रता . जाँ विशेष अर्थ मे जायब तँ शायद मिथिलान्चालक आर्थिक विपन्नता के सहो बोध करावैत अछि ई शब्द आ प्रासंगिक सेहो किएक तँ मिथिला के ई धरती पूर्ण रूपे निर्भर छल खेती गृहस्थी पर, एक तँ उपज कम होइत छल आ जों होइतो छल तँ जमीन किछ्वे लोकक पास छल तें आर्थिक असामनता सेहो समाजक हिस्सा छल . ई बात नहि छल जे हम्मर मिथिला में विदुषी नहीं भेलीह . प्राचीन समय में तँ मैत्रेयी, भारती, अपाला, घोषा सनक विदुषी वैदिक सभा के शान छलीह, मुदा मध्यकाल आवैत-आवैत सब किछु बिसरल चलि गेल . तकर परिणाम भेल जे हम्मर धीया सीमित भ' गेलीह घरक चौंखेट तक . आब समय बदलि रहल अछि धीया आ पुताक बीच जे बड़का खाई छल से आब पाटे लागल अछि . ई नीक बात जे आब बेटी जन्म पर भी ओते हाय तोबा नहि होइत अछि मुदा एखनो ओ खुशी नहि मिलैत अछि जे कि बेटा जन्म पर होइत अछि . अचरजक गप्प ई जे जन्म पर सोहर गाबय वाली भी धीये आ छठी पोखरि पर गीत बाजय वाला कैसेट मे भी धीये . खुशिक गप्प ई जे पद्म श्री शारदा सिन्हा जे अप्पन धरोहर सौंपने छथि तकरा संजोवय वाली भी हम्मर मिथिलांचलक बेटी मैथिली ठाकुर . सिनेमा होमय की संगीत सब में हम्मर धीया बढ़ी-चढ़ी के हिस्सा ल' रहल अछि .



**एहेन अनेको उदाहरण अछि जाहि मे स्पष्ट रूपे देखल जा सकैत अछि जे अगर धीया के मौका भेटय तँ ओ कखनो पुता स' पाछां नहि रह्तीह . गुदरी शब्द अपना आप मे मिथिलाक विभिन्न प्रतिमान के बखान करैत अछि . एक सामान्य अर्थ तँ फाटल चीटल वस्त्र तँ दोसर अर्थ हमर सीताक सौम्यता आ विनम्रता।**

मिथिलाक पहचान मिथिला पेंटिंग मे अप्पन पहचान सुनिश्चित क' रहल अछि आइ हम्मर मिथिलाक बेटी बिना किछु समय के पाबंदी आ बोझ के . पितृसत्तात्मक समाज मे अप्पन पहचान सुनिश्चित करैत आइ के धीया बोझ नहीं बने चाहैत अछि ओ पुरुखक संग कदम ताल करैत आगाँ बढय चाहैत अछि . सबसे बढ़िया उदाहरण अहाँ के तखन देखे ले भेटत जखन मिथिला से दूर रहे वाली अप्पन माटी पानि के ऐना समृद्ध क' रहल छैथ जे मोन के प्रफुल्लित क' दैत अछि . नीक लागत जखन अहाँ यूरोप आ अमेरिका सन दोसर दुनिया मे अप्पन मिथिलानी सब के बजैत चिचियावैत सुनब . नीक लगत जखन अहाँ विदेशक महिला सब के जाट जटीन आ सामा चकेवाक गीत गावैत देखब आ ओए मे अप्पन मिथिलानी सब के महत्वपूर्ण योगदान अछि जे एही गुदरी स' निकैल ओ अप्पन प्रीतम संगे विदेश मे छैथ मुदा अप्पन संस्कार के जीवंत राखने छैथ .

साहित्य मे अप्पन लेखनिक छाप छोडैत ओ छैथ इक्कीसवीं सदी के नारी . जतय पहिने संकोच होइत छलय ई लिखय में जे कोना अप्पन नीक बेजाय के लोक आ समाज के बीच राखब से आब खूब खुलि के राखैत छैथ . बिभा रानी, लिली रे सनक अनेको लेखिका छैथ जे अप्पन भावना के निःसंकोच लोकक बीच राखैक हिम्मत क' रहली आगाँ आवय बला पीढ़ी के' लेल मार्गदर्शन बनि रहल अछि . पढ़य लिखय में भी आब हम्मर धीया पाछां नहि अहाँ हरेक बरखक मैट्रिक आ इंटरमीडिएट के परिणाम देख लिय अहाँ के ऊपर बहुते रास धीया भेट जायत आ पासक प्रतिशत भी बेसिए भेटत . चाहे ट्रेन हुए कि फाइटर प्लेन सब मे अप्पन मिथिला के बेटी कदम स' कदम मिला के चलि रहल अछि . किछु दिन पहिने बेगूसराय के बेटी भावना महिला फाइटर बनि वायुसेना के फाइटर जहाज के चला के इतिहास रचि देलीह . हाल फिलहाल में संपन्न भेल पंचायती चुनाव मे अप्पन दम ख़म पर कतेको पंचायत में ओ दमदार पुरुख सब के चारो नाल चित्त क' के विजयी भेलीह जे एही बातक परिचायक अछि जे आब धीया आकी सिया आंगने निपय के लेल नहि बनली ये . ओ पुरुख जकाँ सब काज के ओहिना नीक साँ क' सकैत छैथ . अभियांत्रिकी, डॉक्टरी आकी आइ ए एसक परीक्षा सब में अहाँ धियाक उपस्थिति देख सकैत छी . सड़क पर जखन सैकिलक झुण्ड देखबय तँ जरूरे कहबय जे आब ओ पाछां मुड़ी के नहि देखैक लेल तैयार अछि . जौं पुरुख आगाँ बढय लेल तैयार अछि तँ ओहो कदमताल करैत आगाँ बढय लेल तैयार छैथ . सड़क पर अहाँ महिला पुलिस के सब चौक चौराहा पर ठाढ अप्पन कर्तव्य के निभावैत देखि सकैत छी . मुदा एखनो बहुत सुधारक आवश्यकता अछि खाली ऊपरके छाली के देखि के अहाँ दूधक मोटपन के अंदाजा नहि लगाऊ किएक तँ एखनो हम्मर धिया तिरस्कृत छित एखनो दहेजक लेल हम्मर धिया के यातना सही पडे अछि जे घोर अनर्थ . एखनो बच्चा के बापक नाम सँ जानल जाइत अछि जखन कि अधिकार दोनों के एके रंग अछि . एखनो धीया के' कपड़ा देखि के' छींटा कसी होइत अछि . एखनो धीया सब के खिलावैक बादे खाय छथि . एखनो घरक निर्णय मे धीयाक अधिकार सीमिते अछि एकर बाबजूद कि ओ आब कमाय के' घर अनैत अछि . आवश्यकता अछि जे धीया के अप्पन अधिकार के बोध होमय, आ ओ अप्पन बात के पुरुखक सामने राखि सकय . ओ एही बात में सफल होमय जे जिंदगीक पहिया ,दोनों गोटे से, चलैत अछि तें दोनों के एक्के रंग महत्त्व . आब एकर मने ई नहि जे ओ स्वतंत्रताक सीमा रेखा के लांघि जाय . ई बात पर प्रश्न उठि सकैत अछि जे लक्ष्मण रेखा खिचय बला पुरुखे किये' मुदा ई बात तँ नैसर्गिक सत्य थिकै जे धीया आ पुता के किछु जीव विज्ञानी सीमा अछि किछु सामाजिक नियम के पालन भी आवश्यक, नहि तँ जिंदगी चलेवाक लेल एक ठाम रहैक जे एक समझौता होइत अछि से संभव नहि।

**लेखक आ स्वतंत्र पत्रकार (ई लेखक के अप्पन विचार अछि)**

# उत्तर प्रदेश मे पसीना बहा रहल छथि बिहारक भाजपाइ

नवेंदु कुमार झा

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क पंजाब यात्रा क गर्मायल राजनीति क मध्य चुनाव आयोग पांच प्रदेश मे चुनाव क तारीख क घोषणा क सर्द भ रहल मौसम मे राजनीति क आंच बढ़ा देलक अछि।इ चुनाव उतर प्रदेश आ पंजाब क लेल महत्वपूर्ण अछि।दूनू प्रदेश मे भाजपा आ कांग्रेस क साख दाव पर अछि।दूनू दल अपन अपन किला बचब लेल ऐड़ी चोटी लगौने अछि। बिहार पड़ोसी उत्तर प्रदेश क चुनाव पर बिहार क जनता क संगहि सभ दलक नजरि गरौने अछि।

प्रदेश मे सत्तारुढ़ राजग घटक भाजपा अपन किला मजगूत करबाक लेल पसीना बहा रहल अछि आन जदयू वीआइपी आ हम सेहो अपन संभावना क खोज क रहल अछि। भाजपा उतर प्रदेश मे अपन मजगूति क वास्ते फूलप्रूफ राजनीतिक रणनीति क संग राजनीति क चौसर सजा देने अछि।एहि वास्ते बिहार क भाजपाई सेहो पसीना बहा रहल छथि। बिहार क सांसद राधामोहन सिंह प्रभारी आ विधायक संजीव चौरसिया तथा राज्य सभा सदस्य विवेक ठाकुर सह प्रभारी क रुप मे अपन कौशल देखा रहल छथि। चुनाव क घोषणा स पहिनहिं स उत्तर प्रदेश मे पैघ संख्या मे बिहार क भाजपा नेता सभक जत्था डटल अछि जे जिला स बुथ स्तर धरि पार्टी के किल कांटा दुरुस्त क सत्ता मे पुनर्वापसी क बाट तैयार क रहल अछि।

उत्तर प्रदेश किला फतह करबा लेल भाजपा क प्रदेश क नेता सभ पटना मे सेहो संगठन महामंत्री भीखूभाई दलसानिया आ क्षेत्रीय संगठन महामंत्री नगेन्द्र नाथ त्रिपाठी क मार्गदर्शन मे रणनीति के अतिम रुप द रहल छथि। बिहार भाजपा क प्रदेश स्तर नेता सभ क जल्दीए उतर प्रदेश कूच करबाक संभावना अछि। बिहार स सटल हेबाक कारण उत्तर प्रदेश क चुनाव मे बिहार नेता सभक उपस्थित महत्वपूर्ण अछि। विशेष रुप स पूर्वांचल क्षेत्र इ लोकनि प्रभावित क सकैत छथि। पार्टी सेहो बिहार क प्रवासी कार्यकर्ता सभक विशेष टास्क द एहि क्षेत्र सभ मे सक्रिय कएने अछि। पार्टी क सह प्रभारी संजीव चौरसिया उतर प्रदेश मे फेर स सरकार बनैबाक दावा करैत कहलनि अछि जे योगी सरकार क विकास आ सुशासन स प्रदेश क जनता खुश अछि आ परिवारवाद आ जातीय राजनीति करै वला के सत्ता स दूर रखबाक मन बना लेलक अछि।

दोसर दिस भाजपा क सहयोगी जदयू वीआइपी आ हम सेहो उत्तर प्रदेश मे अपन संभावना देखि रहल अछि मुदा भाजपा ओकर कोनो नोटिस नहि ल रहल अछि। निषाद पार्टी क संग भाजपा क गठबंधन भेलाक बाद मुकेश सहनी क वीआइपी क उत्तर प्रदेश मे फराक लड़ब निश्चित बुझि पड़ैत अछि त जदयू आ हम एखन धरि अपन पत्ता नहि खोललक अछि।दूनू पार्टी भाजपा क निर्णय क प्रतिक्षा मे अछि। जदयू एहि वास्ते आर सी पी सिंह क लगौने अछि त हम क राष्ट्रीय अध्यक्ष मुकेश सहनी स भेंट क दबाब क राजनीति क रहल छथि। चुनाव भने उत्तर प्रदेश मे भ रहल हो मुदा एहि स बिहार मे सेहो राजनीतिक गर्मी आनि देलक अछि।

# ढोढ़ाइ भाइक वाट्सएप

चिरञ्जिवी मँगनूकेँ ढ़ोढ़ाइ भाइक शुभाशीष।

की हौ मँगनू कोना छह? एतय तँ बुझजे फेर हाड़ कँपाबऽबला जाड़क खेल शुरू छै आ ओम्हर पाँच राज्यमे भोटक खेलक बिगुल बजि गेल छै। से आब टि भीपर भोरसँ साँझतक हम जीतब तँ हम जीतबक कबडी कबडी जारी भऽ गेल छै।हौ बङ्गट कहैत छल जे ओहिसभठाम सड़कपर जुलुस कि रैली नहि करऽ देतै तखन मतदानक प्रचार कोना हेतै आ कार्यकर्ता की करतै? ओ झण्डा,बैनर आ बैच बेचनिहार की करत? हौ ई तँ बिनु गीत नादकेँ वियाह सन हेतै।नीक छै अपना सभक राजमे एहिबेर भोट नहि छै ,नहितँ केहन लगितै ।हमरा लोकनि तँ सत्यनारायण पूजोमे दायमायक कण्ठसँ चारिटा गीत सुनलाक बादे आरती आ प्रसाद लैत छी।ओना बङ्गट कहैत छल जे सभटा प्रचार आब टी भीएपर हेतै।तखन तँ जेहो कखनोकऽ समाचार कि सिनेमा देख लैत रही से बुझ जे सभटा सत्यानाश।आब भरि दिन कुकरा कटाउझ होइत रहतै।ओ तँ भगवान रच्छ रखलनि जे फगुआसँ पहिने सभटा पूरा भऽ जेतै नहितँ फगुओमे योगीजी शारारा होइते रहितै।

धौर जाय दहक जतऽ हेतै भोट से सभ जानय ।एखन तँ फेरसँ सभठाम कोरोनाक पिचास बौआब लगलैया।ओ तँ रच्छ कहऽ जे हमसभ सपरिवार पाच लऽ लेने छी ,से कने भरोस तँ रहैया अवश्य मुदा डऽर तँ होइते अछि।हौ तोरे मुम्बैइमे तँ आओरो जोड़ पकड़ने छै आ कहाँदन लोकसभ एखनहु बौआइत रहैया ।अरे पाच लऽ लेलासँ तोरा कम असरि करतह ।जे पाच लगौने अछि भगवतीक कृपा रहतै तँ प्राण नहि जेतऽ मुदा चारि दिन बोखामे रहलहुँ वा अनका विष बाँटमे अहाँक योगदान तँ बनले रहैत छै।देखिते छहक जे सरकार आब किशोरवय छात्रगणकेँ सेहो पाच दिएबाक इन्तजाममे लागि गेल छै।हमरा लोकनिकेँ अपना घर आङन , आस पड़ोस आ टोल मोहल्लामे जँ कियो छुटल हो तँ ताकुत कऽ ओकरा पाच अवश्य दिया देबाक चाही।हौ पहिने लोक कहै "अपने स्वस्थ तँ जग स्वस्थ" मुदा आब भऽ गेल छै " जग स्वस्थ तँ अहाँ स्वस्थ"।हँ भने मोन पड़ल।एहिबेर लोक मास्क लगेबामे सेहो ढिल्ली कऽ रहल छै।ओना दिल्लीक एकटा बड़का बैद लोककेँ मास्क नहि लगेबाक लेल हुलका रहल छथि मुदा बिहारमे तँ आब फेर पकड़ धकड़ चालू छै।सुनबामे आयल अछि जे मधुबनीमे कोनो पनखौकाकेँ गौशाला चौकपर पुलिस धऽ लेलकनि ।मास्क नहि लगौने रहथि से कान पकड़िकऽ उठा बैठी करौलकनि आ पचास टाका जुर्माना लऽकऽ छोड़लकनि।हौ हम तँ बाधो बोन दिस जाइत छी तँ मुँहपर गमछा लपेटने रहैत छी।आ तोरा तँ बुझले छह जे तोहर भौजी केहन बुधियारि बनैत रहैत छथि ।ओ सुतितो छथि मुँहपर मास्क लगाइएकँ।हम टोकलियनि तँ कहलनि कोन ठेकान सपनामे कतहु बुलऽ चल जैब तँ निन्न तोड़ि मास्क लगाब पड़त।आब अन्दाज भए गेल हेतऽ जे हमर की हाल होइत हैत।

एम्हर जाड़ सेहो "पू झात" खेलाइत छह।कहियो भोरमे तँ कहियो साँझमे हवा चलऽ लगैत छै।रौद तँ नवका सालमे कहियो दू घन्टा नहिए भेलैया।ताहिपरसँ रोज ऋतु विभागक धमकी जे हे काल्हि पानि हैत।से जँ मोनसँ एकबेर पड़ियो जाओक तँ नीके रहतै।गहुँम पटौनीक खर्च बँचि जाइत। चारि दिनक बाद तिला सङ्क्राति छै।मुदा सत कहैत छिय आब कोनो उत्साहे नहि होइत अछि।नेना रही अपन महींसक दूधक दही पौराइ।फेर टोल पड़ोसपर निर्भर रही ताधरि दहीमे स्वाद लागय।मुदा आब की कहिय।रङ्ग रङ्गक कम्पनीक पैकेटक दूध आ तकरे डिब्बामे पौरल दही।दहीमे कोनो लैसे नहि रहैत छै।ताहिपरसँ गाममे हल्ला जे ओहिमे कोनो पाउडर मिझड़ कैने रहैत छै।कहऽ भला एहनो कतहु भेलैया।कोनो खेबा पिबाक बस्तुकँ सरकारक स्वास्थ विभागक देखरेखमे चलऽ पड़ैत छै ने।कोनो अखाद्य बस्तु कोनाकऽ बेचतै? हँ अपना महिंसक गढ़का दूधक स्वाद तँ नहिए भेटतै ने।

हँ भने मोन पड़ल।हौ भधुबनीमे थाना चौकलग जे प्रोफेसर उमाकान्त बाबू रहैत रहथि।अरे जे पहिने दरभङ्गाक हड़ाही पोखड़िपरहक मेमोरियल कॉलेजमे भैथिलीक प्रोफेसर रहथिन।की कहिय पहिला सप्ताह हुनक मृत्यु भऽ गेलनि।बड़ नीक लोक रहथि।हौ हरिमोहन बाबूक बाद मैथिलीमे हास्य व्यङ्गक तँ सभदिन अकाले रहलै । एहनामे उमा बाबूसन साहित्यकार व्यङ्ग विधाकेँ जियौने रहथि।हुनकर नाटक " सीता ", हास्य व्यङ्ग कथा सङ्ग्रह " बाबाक विजया ",दैनिक जागरणमे छपल साप्ताहिक व्यङ्ग लेख सङ्ग्रह "अपन बात" महाभारतक एकटा प्रसङ्गपर कृष्णक प्रति उपन्यास " प्रस्थान" उपन्यास तोँ अवश्य पढ़ने हेब।एह एकदम हँसमुख लोक।जखनि कखनो भेटितथि आ कहितियनि "गोर लगैत छी" तँ चटदऽ मुस्कियाइत माथपर हाथ दऽ आशीषक सङ्ग कहि बैसतथि "गोर तँ सभदिन लगैत छी,कहियो हाथो लागू।"आ भभाकँ हँसि दैथि।से हमरेटा नहि सभक प्रति हुनकर सिनेह अदभुद रहनि।मैथिली साहित्य हुनक कृतित्व आ व्यक्तित्वकेँ सदैव स्मरण करतनि।भगवती हुनक आत्माकेँ शान्ति देथुन से प्रार्थना।

**आइ आब एतबे। चुड़ा कुटाब लेल जेबाक अछि।फेर अगिला सोम दिन गप्प हेतै। तोहर सिनेही, ढोढ़ाइ भाइ।**

# भारतक अदालतमे आइयो अंग्रेजीक एकाधिकार किएक?



अहाँ हुनका पर अंग्रेजी लादिकऽ हुनक मौलिक अधिकारक हनन कय रहल छी। एतबे नहि, अंग्रेजी मे चलय वाला सम्पूर्ण अदालती कार्रवाई कैं कारण देशक साधारण लोकक ठगी होएत अछि। हुनका समझसँ बाहिरक बात छैन कि हुनक वकील ओ विपक्षक वकील की बहस कय रहल अछि? गुजरातक उच्च न्यायालय मे भाषा कें सवाल पर फेर विवाद ठाढ़ भेल अछि। एक पत्रकार विशाल व्यास गुजरातीमे जखिनहि बजबाक शुरू कयलनि, जज लोकनि कहलनि कि अहाँ अंग्रेजी मे बाजू। व्यास अड़ल रहलन्हि। वो कहलन्हि कि हम गुजरातीमे ही बाजब। जज लोकनि कहलनि कि संविधानक धारा 348 के अनुसार एहि अदालतक भाषा अंग्रेजी अछि। यद्यपि व्यास चाहैथ तँ हुनक बातक अंग्रेजी अनुवाद करबाक इंतजाम अदालत कय देत। अदालतक ई उदारता सराहनीय छल मुदा ई कतेक दुखक बात अछि कि भारतक अदालतमे आजुओ अंग्रेजीक एकाधिकार कायम अछि। एहि जज लोकनिसँ केओ तँ पूछय कि अहाँ धारा 348 कैं नीकसँ पढ़नहूँ छी कि नहि? वो कहैत छथि कि अदालतक भाषा अंग्रेजी होएत मुदा एहि जज लोकनि सँ केओ पूछय कि अपराधी वा याचिकाकर्ता के वो अदालत मानैत अछि ? अहाँ हुनका अपन भाषामे किएक नहि बाजय दैत छीयै?

अहाँ हुनका पर अंग्रेजी लादिकऽ हुनकर मौलिक अधिकार कैं हनन कय रहल छियन्हि। एतबे नहि, अंग्रेजीमे चलल वाला सभ अदालती कार्रवाई के कारण देशक साधारण लोकक ठगी होइत अछि । हुनका बुझाइते नहि छनि कि हुनकर वकील ओ विपक्षक वकील की बहस कय रहल छथि ? हुनक तथ्य ओ तर्क सीधा छन्हि कि उल्टा? ई मुव्वकिल लोकनि तय नहि कय पाबैत छथि आओर अंग्रेजी मे जे फैसला होइत अछि, ओकरा समझब तँ हिमालय पर चढ़य जेना अछि। धारा 348 यहो कहैत अछि कि संसद चाहे तँ वो संविधानमे संशोधन कय कऽ ऊच्च अदालतमे भारतीय भाषाकैं चला सकैत अछि। वो कानून कैं अंग्रेजीमे बनयबाक अनिवार्यता सेहो खत्म कय सकैत अछि। एकरा अलावे एही धारामे यहो प्रावधान अछि कि कोनो प्रांतक राज्यपाल राष्ट्रपतिक सहमति सँ अपन उच्च न्यायालय मे हिंदी वा अन्य भारतीय भाषाकैं प्रयोगक अनुमति दय सकैत छथि। एतय सवाल ई अछि कि गुजरात सन राज्यमे एहि प्रावधान कें अखनि धरि लागू किए नहि कयय गएल? ई वैह गुजरात अछि, जाहिमे भाजपाक नरेंद्र मोदी सालो मुख्यमंत्री रहलन्हि आओर एखनि प्रधानमंत्री छथि।

महर्षि दयानंद ओ महात्मा गांधी, दुनू गुजराती छलाह आओर दुनू गोटय हिंदी कऽ बीड़ा उठौने रहथि। भारतक सभ राज्यमे गुजरात के तँ सबस आगू आबि कऽ विधानसभा ओ उच्च न्यायालय मे गुजराती ओ हिंदीकैं अनिवार्य करबाक चाहैत छलन्हि। संसदक प्रबुद्ध सांसद लोकनिकैं चाही कि वो संविधानक धारा 348 मे संशोधन करवा कऽ अंग्रेजीक एकाधिकार कैं कानून-निर्माण ओ अदालत सभसँ बाहर करैथ। यदि संसद ओ विधानसभा दृढ़ संकल्प कय ले तँ अंग्रेजीक गुलामी तत्काल खत्म भय सकैत अछि, जेना 1917 मे सोवियत रुस मे सँ फ्रांसीसी, 200 साल पहिने फिनलैंड मे सँ स्वीडी आओर 16म् सदी मे ब्रिटेन मे सँ फ्रांसीसी ओ तुर्की मे सँ फ्रांसीसी भाषा ओ अरबी लिपि कैं खत्म कयल गएल छल। अंग्रेजी भाषाक गुलामी तँ अंग्रेजक गुलामी सँ भी बदतर अछि । कि देशमे कोनो एहन राजनीतिक दल वा नेता छथि, जे एहि गुलामी सँ भारत के छुटकारा करवा सकय?

**-डॉ. वेदप्रताप वैदिक**

अंक 17, वर्ष 01, आर.एन.आई. टाइटल कोड : BIHMAI00060, स्वामी, मुद्रक तथा प्रकाशक अजय नाथ धैर्यनाथ झा , द्वारा DB CORP LTD, नियर बन्स हॉस्पिटल, दरभंगा रोड, पतियाशा, मुजफ्फरपुर, बिहार, पिनकोड : 843103 से मुद्रित और प्लाट नंबर 1257, विहाइन्ड विन्ध्याचल मेमोरियल ट्रस्ट, हनुमान मंदिर रोड, सागरपुर, सकरी, जिला - मधुबनी, बिहार, पिन - 847239 से प्रकाशित । संपादक : अजय नाथ धैर्यनाथ झा।

# त्वचाक लेल वरदान जकां अछि मधु आइ जानि ली की-की अछि एकर लाभ



प्रिया मिश्रा | हमरा सबहक लेल मधु कतेक लाभदायक अछि, ऐ सं सभ गोटे परिचित हेबे करब। मधु मे कतेको एंटी-ऑक्सीडेंट्स, एंटी-बैक्टीरियल आ एंटी एंटीइंफ्लामेटरी गुण पाएल जाइत अछि। ऐ त्वचा संबंधी सभ समस्याक समाधान होइत अछि। ऐ सं त्वचा साफ आ सुंदर नजरि अबैत अछि। एकर प्रयोग सं मुहाँसा, झुर्री, फाइन लाइन्स आ दाग सनक त्वचा संबंध समस्याक समाधान भ' जाइत अछि। अहां अपन घर पर सेहो एकर प्रयोग क' त्वचा संबंधी समस्या सं मुक्ति पाबि सकैत छी। आजुक लेख मे हम बता रहल छी अहां घर बैसल कोनो मधु केर प्रयोग सं त्वचा संबंधी समस्या सं मुक्ति पाबि सकैत छी।





### मधु सं भेटैत अछि ग्लोइंग त्वचा

चेहरा पर मधुक प्रयोग सं त्वचाक नमी भेटैत अछि आ संगहि प्राकृतिक ग्लो सेहो अबैत अछि। एकरा लेल मधु कें कांच दूध मे मिला क' रुइ केर सहायता सं संपूर्ण चेहरा पर लगाबी। 10 मिनट बाद साफ पानि सं एकरा धो ली। ऐ सं अहांक चेहरा कें आवश्यक पोषण सेहो भेटत आ संगहि नेचुरल निखार सेहो आएत।

### मुंहासा कें दूर करी

मुंहासा भेला पर मधु केर प्रयोग बेस लाभदायक होइत अछि। मुंहासा हेबाक कतेको कारण भ' सकैत अछि। जना चेहरा पर बैक्टीरियल ग्रोथ सं बेसी पसेना, हार्मोनल बदलाव, दवाइ आ कॉस्मेटिक प्रोडक्ट्स। आयुर्वेदक अनुसार मधु मे एंटी-बैक्टीरियल गुण उपलब्ध रहैत अछि जे बैक्टीरिया सं लड़ि क' मुंहासाक समस्या कें दूर करैत अछि। मधु मे एंटी एंटीइंफ्लेमेटरी गुण पाएल जाइत अछि। जाहि सं मुंहासा सं होम'बला सूजन कें कम कयल जाएत अछि। एकरा लेल कांच मधु कें मुंहासा पर लगा क' 15-20 मिनट धरि छोड़ि दी। बाद मे कने गर्म पानि सं मुंह धो ली।

### त्वचा कें मॉइस्चराइज़ करी

मधु त्वचा कें साफ करबाक संगहि ओकरा मॉइस्चराइज सेहो करैत अछि। ई हुमेक्टैंट आ एमोलिएंट जकां काज करैत अछि। जाहि सं त्वचाक नमी बनल रहैत अछि आ आराम सेहो भेटैत अछि। एकरा लेल शहद कें संपूर्ण चेहरा पर लगाबी आ 15-20 मिनट लेल एकरा छोड़ि दी। बाद मे गर्म पानि सं मुंह धो ली।



### ओपन पोर्स लेल होइत अछि लाभदायक

कांच मधुक प्रयोग सं ओपन पोर्स (खूजल छिद्र)' क समस्या मे लाभदायक होइत अछि। एहि मे उपलब्ध एंजाइम्स तव्चा कें साफ करैत अछि आ खूजल छिद्रक समस्या कें दूर करबा मे सहयोग करैत अछि। एकरा लेल एक चम्मच मधु कें दू चम्मच नारियल तेल संग नीक जकां मिला ली। एकरा साफ त्वचा पर लगभग पांच मिनट धरि मालिश करी। एकर बाद सुसुम पानि सं मुंह धो ली। एकर बाद सुसुम पानि सं मुंह धो ली।



### दाग हटेबा मे अछि लाभदायक

मधु मे उपलब्ध एंटीसेप्टिक आ एंटी-इंफ्लेमेटरी गुण चेहरा पर सं दाग-धब्बा आ पिंपल्स के मार्क्स हटेबा मे सहयोग करैत अछि। एकर अतिरिक्त कतेको एंटी-ऑक्सीडेंट्स उपलब्ध अछि जे त्वचाक मरम्मत करैत अछि। एकरा लेल एक चम्मच मधु मे एक चम्मच ऑलिव आयल मिलाबी आ चेहरा पर लगाबी। अपन आंगुरक सहयोग सं चेहरा पर सर्कुलर मोशन मे लगभग 2 मिनट धरि मसाज करी। बाद मे सुसुम पानि सं धो ली।

# महिलामे आरोग्य आहार

**जेना कि हमसब जनैत छि जे, महिला सबहक काज-प्रबंधन आ कलात्मक प्रतिभा पुरुखक तुलनामे बेसी प्रभावशाली होईछ।आब महिला सब अपन करियर आ शिक्षामे मजगूत भय रहल छथि, मुदा एहि सबमे ओ अपन स्वास्थ्य ओ आहार पर धेयान देनाय बिसैर जाईत छथि।**



शोभा झा, पटना

तँ हम सब एहि विषय पर जानि जे महिलाक आहारमे की सब हुअय के चाहि।

- अपन इम्युनिटी बढ़ाबय के लेल उचित आहार ओ व्यायाम नितान्त आवश्यक होय छैक।
- अपन आहारक योजना बनयबाक चाही।
- एहिमे अहाँक समय प्रबंधन पर धियान देनाय जरूरी अछि, जे अहाँ भोरुक जलखयमे की सब शामिल करि जेना- अंकुरल अन्न (मिश्रित), सबरंगक ड्राय फ्रूट्स जे उपलब्ध हुअय। तहिना दुपहर हेतु जे कामकाजी छैथि से टिफिन ओ रातिक भोजनक प्रबंधन करैथ।
- आहारक गुणवत्ता संग नीक पोषण आ आहार के प्रबंधन बड्ड जरूरी छैक।
- जखन गरमी होय, गरमी मे निजर्लीकरण (dehydration) बड़का समस्या अछि, ई कमजोरी आ' भरि दिनक काजक लेल शक्तिके कमी कऽ कारण बनैत अछि। एहि लेल डाइट प्लानिंग शुरू करय समय बहुत रास पनि के सेवन रकबाक चाही ओ भरि दिनमे 3-4 लीटर पानि पिबय के चाहि।
- पानि संग किछु एहन तरल पदार्थ के शामिल करी जे त्वचा के स्वस्थ राखय के संग केशो के स्वस्थ राखय। जेना-धात्री, कोकम सिरप, आमक रस, नारियल कऽ पानि, नारंगीक रस, कुसियारक रस जाहि समय जे उपलब्ध भय जाय।
- आहारमे मिश्रित आहार संगहि पौष्टिक तत्व के समावेश होय। शाकाहारी ओ मांसाहारी तँ बड्ड उत्तम।
- खेनाइ बनाबय के तरीका पर विशेष धियान, कम processing खेनाइ के बेसी पौष्टिक बनाबय छैक।
- महिलाके अपना लेल भोर नञि तँ सांझ मे अपना व्यायाम के लेल एक घंटा समय देबाक चाही संगहि प्रगाढ़ नीनक सेहो अहमियत अछि।



# सर्दी मे अइ ढ़ंग सँ करी स्कार्फक देखभाल देखाय पड़ब स्टाइलिश आ फैशनेबल

सर्दी आइब गेल अछि आ सभ दिनक ठंड बढ़ैत जा रहल अछि। एहन मे लड़कीक सबसे बड़का चिंता रहैत अछि जे ओ सर्दी मे कोनाक' स्टाइलिश लागब। कतेक लड़की सर्दी मे बहुतेक कपड़ा पहिरै सँ कतरायत अछि। ओकरा लगैत अछि जे अइसँ ओ मोटाइल लगैछ छी। आब सर्दी मे ठंड सँ बचैबाक अछि आ स्टाइलिश सेहो लगबाक छी। जं अहां अइ बात सँ परेशान छी त' आइ ई लेख जरूर पढ़ू। सर्दी मे स्टाइलिश देखबाक लेल अहां अपन स्कार्फक उपयोग क' सकैत छी। स्कार्फ तँ सभ लड़की लग होइत अछि मुदा अइ सं एक प्रकार सँ कैरी करबाक बदला अहां एकर बहुत सभ अलग-अलग आ फैशनेबल स्टाइल मे कैरी क' सकैत छी। आजुक अइ लेख मे हम अहांके स्कार्फ़ कैरी करैके बहुत स्टाइलिश प्रकार बताएल रहल अछि -



## नुपूर सेननक ई एथनिक लुक्स पार्टी लेल छी एकदम परफेक्ट

जं अहां फॉर्मल ऑउटफिटक संग स्कार्फ पहिर' चाहि रहल छी त' ई गर्दनि मे किछ अलग प्रकारक पहिरु। तिकोना आकार लागत। एकर बादो कोटक अंदर सेहो पहीरि सकैत छी। अहां जिंस आ टॉपक संग स्कार्फ़ कें गर्दनि मे लपेटैत पहीरि सकैत छी। मुदा जं अहां अइके लपेट' नहि चाहैत छी तँ बस स्कार्फ कें गला मे राखि सकैत अछि। अपन आउटफिट सँ कॉन्ट्रास्टिंग कलरक स्कार्फक कैरी करी, अइसे अहांके एकटा सुन्दर लुक मिलत। अहां स्कार्फ़ कें फ्रेंच नॉट लुक मे सेहो कैरी केर सकैछ छी। अइ के लेल सबसँ पहिल स्कार्फ के डबल करी आ गर्दन मे लगाउं। आब स्कार्फ क एकटा साइड के अंत सँ दोसर ओर नॉट बनाउं। अइके बाद दोसर अंत सँ सेहो नॉट बनाउं। ई स्टाइल अहां कैजुअल आ फॉर्मल दुनू लुक मे कैरी करी सकैछ छी। अहां स्कार्फ़ के टर्टल नेक स्टाइल मे सेहो ड्रेप करी सकैछ छी। अइके लेल अहां स्कार्फ़ के मोइड़ करी गर्दन मे नेकलेस क तरह लपेट ली आ अइके अंत पर गांठ बान्ही दीयौ। आब अहां एकरा स्कार्फ सँ नीचा ल जाइते हुयै कवर करी। अइसँ अहांक गर्दन सभ प्रकार कवर भय जाइत, जैं सँ अहां ठंड सँ सेहो बचल रहब आ अहांके एकटा स्टाइलिश लुक सेहो मिलत।

## विंटर क्लॉथ मे देखबाक अछि स्लिम तँ फॉलो करी ई आसान स्टाइलिंग हैक्स

यदि अहां स्कार्फ़ क आसान तरीका सँ कैरी करबाक चाहित छी तँ अइके ओपन स्टाइल मे कैरी करी सकैछ छी। अइके लेल बस स्कार्फ़ के गर्दन मे लगा लियै। ई लुक जींस टॉप क ऊपर खूब जंचैत छी। यदि अहां स्कार्फ़ क सिटी स्लिकर नॉट लुक मे सेहो कैरी करी सकैतछ छी। अइके लेल स्कार्फक दुनू अंत के आपस मे मिला लियै। आब अइके गर्दन मे लगाबे के बाद ओकर बंद वाला हिस्सा मे सँ दुनू अंत क निकाइल लियै। ई नॉट लगभग सभ तरहक कपड़ा पर निक लगत अछि।

# कटहल बिरयानी

श्वेता कुमारी, दरभंगा

**सामग्री** :-जीर 1 चम्मच, कददूकस कएल प्याज 1/4 कप, आदि-लहसुन पेस्ट 1चम्मच ,काटल कटहर 1/2 किलो, धानि बुकनी 1 चम्मच ,गरम मसला 1/2 चम्मच, हरद बुकनी 1/2 चम्मच, नून स्वाद कैं अनुसार,लाल मिरचाइ 1 चम्मच, नेबोरस 1 चम्मच, चाउर 1कप, धानियॉपत्ता 1/2 कप, तेल 2 चम्मच।



**विधिः**- चाउर कैं पहिनै हलका पकालेब लोहिया मे तेल गरम कय जीर देबइ जखन जीर कनीक लाल बूझेत तखन लोहिया मे प्याजआओर आदि-लहसून कैं पेस्ट द देबई तखन प्याज कैं हलका लाल लागे त लोहिया मे छोट-छोट टुकड़ा मे काटल कटहर द देबइ आओर कम ऑच पर पकेबई जखन कटहर पाकि जैतइ लोहिया मे धानि बूकनि,गरम मसला,हरद बुकनी,नून,लाल मिरचाई बुकनी,हरियर मिरचाइ द देबइ लगभग पाँच मिनट तक पकेबइ ओकर बाद लोहिया मे नेबो कैं रस आर कनिक धानिपात द देबइ अखनतक लोहिया कैं पईन सूइख गेल हेतई आब तरकारी मे सँ आधा के लोहिया सँ निकाइल लेब आओर आधा चाउर कैं छिड़कादेबइ । उपर सॅ बचल तरकारी आओर चाउर कैं एक-एक परत द देबइ लोहिया कैं झाइप देबइ आओर एकदम कम ऑच पर दस मिनट तक पकेबइ तखन धानियापात सॅ सजा देबइ आओर परइस देबइ।



### राष्ट्रीय महिला आयोग लेलक संज्ञान, प्राथमिकी के देलक आदेश

# अभिनेता सिद्धार्थ साइना नेहवाल पर कयलक अश्लील टिप्पणी

**दिल्ली** | समदिया

बॉलीवुड आओर दक्षिण के बहुत रास फिल्म मे काज कए चुकल अभिनेता सिद्धार्थ स्टार बैटमिंटन खिलाड़ी साइना नेहवाल पर आपत्तिजनक टिप्पणी करि क' फंसि गेलाहे। राष्ट्रीय महिला आयोग सिद्धार्थ के विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करयबाक आदेश देलक अछि। अतबे नहि शिवसेना के राज्यसभा सांसद प्रियंका चतुर्वेदी सेहो सिद्धार्थक ट्वीट के भर्त्सना कयलनि। प्रियंका चतुर्वेदी ट्वीट कयलनि कि ककरो लेल एहन शब्दक प्रयोग एकदम अस्वीकार्य आओर अशोभनीय भाषा थिक। चाहे जे होथि, भाषा मे सभ्यता होयबाक चाही।

वास्तव मे 5 जनवरी कें पंजाब मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सुरक्षा मे चूकक बाद स्टार बैडमिंटन खिलाड़ी साइना नेहवालक ट्वीट पर प्रतिक्रिया व्यक्त कयने छलाह। एहि ट्वीट मे अभिनेता सिद्धार्थ द्विअर्थी शब्दक प्रयोग कयने छलाह। सिद्धार्थ आगाँ लिखने छलाह कि शेम ऑन यू रिहाना।



साइना अपना ट्वीट मे लिखने छलीह कि कोना राष्ट्र अपना के सुरक्षित होयबाक दावा नहि कए सकैत अछि जौं ओकर प्रधानमंत्रीक सुरक्षा सँ समझौता कैल जाए। हम कठोर शब्द मे अराजकतावादी सभ द्वारा प्रधानमंत्री मोदी पर कायरतापूर्ण हमला के निंदा करैत छी। उल्लेखनीय अछि कि साइना बैडमिंटन खिलाड़ी होय के अतिरिक्त भाजपा के सदस्य सेहो छथि।

**महिला आयोग कार्रवाई कयलक**

साइनाक ट्वीट पर सिद्धार्थ के प्रतिक्रिया सँ विवाद ठाढ़ भ' गेल अछि। अभिनेता के एहि ट्वीट पर लोक सभ आपत्ति जतौलक आओर राष्ट्रीय महिला आयोग सँ शिकायत कयलक। एकरा बाद महिला आयासेग सिद्धार्थ के नोटिस पठौलक। आओर पुलिस के सिद्धार्थक विरुद्ध आईटी एक्ट के अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज करयक लेल कहलक। महिला आयोग ट्वीटर सँ एहि ट्वीट के हटबैक लेल सेहो कहलक। आयोग मुंबई पुलिस आाओर ट्विटर सँ मामिला मे रिपोर्ट सेहो माँगलक अछि।

### सिद्धार्थ देलक सफाई, साइना बजलीह नइं पता हुनक आशय की छल

विवाद बढ़लाक बाद सिद्धार्थ सफाई देलक जे हुनकर शब्द के गलत तरहेँ लेल जा रहल अछि। ओ ककरहू अपमान करैक प्रयास नहि केलनि। ओम्हर अपन प्रतिक्रिया दैत साइना बजलीह कि हमरा नइं पता कि सिद्धार्थक आशय कथी छल। हम हुनका अभिनेताक रूप मे पसिन्न करैत छी, मुदा इ ट्वीट ठीक नहि छल। ओ अपना के नीक शब्द सँ सेहो व्यक्त कए सकैत छलाह। मुदा हमरा लगैत अछि जे ट्विटर पर लोक एहि तरहक शब्दक आओर टिप्पणी सभसँ नजरि मे अबैत छथि।

# प्रतिबंध सँ पहिने 399 रैली-सभा क' लेने छल भाजपा

### पीएम मोदी दु महीना मे कयलनि दर्जन भरि रैली

**लखनऊ** | समदिया

उत्तर प्रदेश समेत पाँच राज्य मे चुनावक तिथि के घोषणा करैत चुनाव आयोग अगिला 15 जनवरी तक रैली-सभा पर प्रतिबंध लगा देलक। एहि अवधि धरि साइकिल आर बाइक रैली तथा पदयात्रा पर सेहो प्रतिबंध रहत। चुनाव आयोग इ फैसला कोरोना संक्रमण के देखैत कयलक अछि। मुदा एहि प्रतिबंध सँ पहिने भाजपा 399 रैली-जनसभा कए लेलक। उप्र के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अखन तक 250 सँ बेसी रैली क' लेने छथि त' प्रधानमंत्री मोदी प्रदेश मे एक दर्जन सँ बेसी जिला के दौरा कए लेलनि। अइ मामिला मे अखन तक भाजपा आन पार्टी सभसँ आगाँ अछि। भाजपा सूत्रक कहब छन्हि कि पार्टी के प्रमुख प्रचारक, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, पिछला किछु माह सँ राज्य भरि मे कम सँ कम 250 विधानसभा क्षेत्रक दौरा कए चुकल छथि। योगी सहित भाजपा के वरिष्ठ नेता सभ 19 दिसंबर सँ शुरू भेल पार्टी के जन विश्वास यात्रा मे रोड शो के अलावा 399 सँ बेसी जनसभा, नुक्कड़ सभा के संबोधित कए चुकल छथि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सेहो पिछला दु महीना मे अलग-अलग बुनियादी ढांचा परियोजना के उद्घाटन आओर जनसभा के संबोधित करबाक लेल उत्तर प्रदेशक एक दर्जन सँ बेसी जिला के भ्रमण करि चुकल छथि। अतबे नहि जनसभा के अतिरिक्त भाजपा वर्चुअल रैली के सेहो तैयारी कए लेने छल। पार्टी सूत्रक अनुसार पार्टी नेता सभके कोरोना महामारीक कारणे जनसभा आ रैली पर प्रतिबंधक पहिने सँ उम्मीद छलन्हि। ताहि दुआरे पार्टी वर्चुअल रैली के पहिनहिए सँ तैयारी कए लेने छल।

**प्रधानमंत्री के रैली** : प्रधानमंत्री मोदी 20 अक्टूबर के कुशीनगर मे अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डाक उद्घाटन करि दौरा के शुरुआत कयलनि। एहि के बाद ओ सुल्तानपुर, प्रयागराज, वाराणसी, गोरखपुर, महोबा, झांसी, बलरामपुर, शाहजहांपुर, नोएडा, कानपुर आओर लखनऊ के दौरा कयलनि। हुनक अंतिम जनसभा 2 जनवरी के मेरठ मे भेल, जतए ओ मेजर ध्यानचंद स्पोर्ट्स यूनिवर्सिटी के आधारशिला रखलनि। भाजपा 9 जनवरी के लखनऊ केर रमाबाई अंबेडकर मैदान मे जनविश्वास यात्रा के समापन पर भव्य जन विश्वास रैली केर योजना बनौने छल। एहि रैली मे प्रधानमंत्री मोदी सेहो शामिल होयतथि। मुदा कोरोना संक्रमण के कारण इ रैली रद्द भए गेल।

**भाजपाक इ दिग्गज कए चुकल छथि जनसभा** : पिछला दु महीना मे केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह, पार्टी के राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आ केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी सहित भाजपा विभिन्न वरिष्ठ नेता जनसभा आओर बूथ अध्यक्ष सम्मेलन करि चुकल छथि।

# तेसर टेस्ट मैच आइ सँ, कोहली हेताह टीमक हिस्सा

## सोम दिन प्रेसवार्ता कए कोहली कहलन्हि मोहम्मद सिराज नइं छथि फिट

**केपटाउन** | एजेंसी

भारत आओर दक्षिण अफ्रीकाक बीच तीन टेस्ट मैचक श्रृंखला के आखिरी मैच मंगल दिन सँ केपटाउन मे शुरू होयत। एहि मैच सँ पहिले कप्तान विराट कोहली फिट भ' गेल छथि। संभावना अछि जे ओ एहि टेस्ट मैच मे खलेताह। मैच सँ एक दिन पहिले सोम दिन विराट कोहली प्रेसवार्ता कयलनि। एहि मे ओ फिटनेस, फॉर्म और टीम संगठन पर सवालक जवाब देलन्हि।

कोहली कहलनि कि ओ एहि मैच मे खेलक लेल तैयार छथि। ओहिठाम हो तेजगेंदबाज मोहम्मद सिराजक विषय मे कहलनि कि ओ फिट नहि छथि आओर तेसर टेस्ट मे हुनका खलए के संभावना नइं छैक। कोहली बजलाह कि तेज गेंदबाज सँग रिस्क नइं लेल जा सकैत अछि। चेतेश्वर पुजारा आओर अजिंक्य रहाणे के फॉर्म पर कोहली बजलाह कि इ दुनू बल्लेबाज टीमक लेल नीक बल्लेबाजी क' चुकल छथि। टीम मे बदलावक लेल जबरदस्ती नइं कैल जा सकैत अछि। हम किनको दवाब मे नइं द' सकैत छी। ओहिठाम ऋषभ पंत द्वारा दोसर टेस्टक दोसर पारी मे खराब शॉट लगएबा पर कप्तान बजलाह कि सभ कियो करियर मे महत्वपूर्ण अवसर पर कोनो ने कोनो गलती करै छथि। महत्वपूर्ण अछि गलती के स्वीकार करब।



कोहली अपना खराब फॉर्मक विषय मे बजलाह कि ओ नीक जकां तैयारी क' रहल छथि आओर बेसिक्स पर ध्यान द' रहल छथि। उल्लेखनीय अछि कि कोहली नवंबर 2019 के बाद सँ शतक नइं बना सकलाहे। अइ के लए क' सोशल मीडिया पर हुनकर खूब आलोचना भए रहल अछि। अइ पर ओ कहलनि कि हम बाहरी आवाज पर ध्यान नहि दैत छी। हमरा ओकर चिंता नइं अछि।

### पहिनहियो हमर आलोचना होइत रहल अछि

कोहली कहलनि हमर आलोचना पहिल बेर नहिं भए रहल अछि। हमरा करियर मे एहन बहुत बेर भए चुकल अछि। जखन हम 2014 मे इंग्लैंडक दौरा पर गेल छलहुँ तखनहुँ एहन भेल छल। हम अपना के ओहि नजरि सँ नइं देखैत छी, जै नजरि सँ दुनिया हमरा देखैत अछि। हम खाली टीमक लेल नीक करबा' पर ध्यान दैत रहलहुँ हें आ टीमक लेल जे भ' सकत से करैत रहब।

### टीकाकरण के सिविल सर्जन कएलनि निरीक्षण

**सहरसा** | समदिया

सहरसाक जीएनएम स्कूल मे चलि रहल टीकाकरण अभियानक सिविल सर्जन डॉ अवधेश कुमार निरीक्षण कए जांच पड़ताल कएलनि। अई अवसर पर ओ कहलनि जे सभ अस्पतालक कर्मचारी सभकें प्रीकौशन डोज देबाक आवश्यकता छै। एडीएम विनय कुमार मंडल कोविड-१९ के प्रीकौशन डोज लैत समाजक लोक सभकें सजग रहबाक लेल संदेश देललनि। रेड क्रॉस सोसायटी, सहरसाक चेयरमैन डॉ अबुल कलाम सेहो प्रीकौशनरी डोज लैत कहलनि जे ई सभकें लेल आवश्यक अछि।

### नेपाली शराबक संग तीन गोटे गिरफ्तार

**बेनीपुर**। बहेड़ा थानाक एएलटीएफ पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर तीन अलग-अलग गाममे छापामारी क' महुआ आ नेपाली शराबक संग तीन कारोबारीके गिरफ्तार कएलक। एहि संबंधमे प्रभारी थानाध्यक्ष गोविंद प्रसाद बतौलनि जे गुप्त सूचनाक आधार पर बहेड़ा थाना पुलिस नंन्दापट्टी, बेनीपुर आ नवादा रामपुर गाममे छापामारी क' 70 लीटर नेपाली देशी शराब आ 13 लीटर महुआ शराबक संग कारोबारी क्रमशः बैद्यनाथ सिंह, योगिन्द्र महतो आ कुंवर झा के गिरफ्तार क' हुनका विरुद्ध मामला दर्ज कश् आगुक कार्रवाई कएल जा रहल अछि ।


**अपार हर्षक संग एहि मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश राष्ट्रीय मैथिली दैनिक समाचारपत्र के अनंत मंगलकामना शुभकामना**



**कुमकुम झा (जमशेदपुर)**
नैहर कनकपुर उजान,
सासुर गंगौलीटोल उजान

**अपार हर्षक संग एहि मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश राष्ट्रीय मैथिली दैनिक समाचारपत्र के अनंत मंगलकामना शुभकामना**



**विजय कुमार झा**
गणेश टावर -१,
बिरसानगर, जमशेदपुर

अत्यंत हर्ष क विषय जे मैथिली मे दैनिक अखबार बहरायत। जन्म- जन्मांतरक अपेक्षा पुर्ण भेल। ई समस्त मैथिल आ मिथिलांचलक गौरवक क्षण अछि। एहि महती प्रयासक लेल पं अजय नाथ झा शास्त्री जी के कोटि-कोटि धन्यवाद। मैथिली मे दैनिक अखबार बहरायत से सुनि आ बुझि जे प्रसन्नता भेल तकर वर्णन करबाक लेल शव्द नहि भेटि रहल अछि । असंख्य शुभकामना ।





**दिलीप कुमार झा**
गाम- नवानी,
वर्तमान निवास- कलकत्ता

मैथिली अधिकार दिवसक उपलक्ष्य पर एकटा और प्रसन्नताक खबैर भेटल, जे अप्पन मैथिली भाषामें अखबारक प्रकाशन शुरू होयत। अत्यधिक आह्लादित छी, जे गाम घरसँ देश विदेशमें पसरल मैथिल जनकेँ अप्पन खबैर अपन भाषामें पढ़बा लेल भेटतनि, कारण मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश मैथिली दैनिक अखबारक संग संग मोबाईल एप्प्स सेहो लॉन्च कएल जाएत। श्रीमान अजयनाथ शास्त्री जीकेँ कोटिशः साधुवाद जे विलुप्त भेल मिथिलाक्षर लिपिक पुनर्जागरण करैत आब मैथिली भाषाके प्रचार, प्रसार संरक्षण आ संवर्धन हेतु ई महान एवं पुनीत कार्य करबा लेल आगु बढलाह। ई कार्य बहुत पहिनहि भ' जएबाक चाही, मुदा कोनो बात नहि जखन जागु तखनहि भोर । हमर हार्दिक शुभकामना अछि समस्त टीम के प्रति, आशा नहि पूर्ण विश्वास अछि जे ई बहुप्रतीक्षित कार्य मिथिला, मैथिली एवं मैथिलक विकास लेल ऐतिहासिक सिद्ध होयत। एहि शुभकामना संदेशक संग तमाम पाठक वर्गसँ आ तमाम मैथिल वृंदसँ हमर विनम्र अनुरोध सेहो अछि जे अपने तमाम मैथिल बंधु एहि पुनीत कार्यमें तन मन आ धनसँ साहयोग कर, जाहिसँ ई निरंतर चलैत रहए ।
जय मिथिला जय मैथिली ।



**धर्मेन्द्र कुमार झा**
ग्राम- लोरिका, जिला- मधुबनी
वर्तमान- मुम्बई

## अपार हर्षक संग एहि मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश राष्ट्रीय मैथिली दैनिक समाचारपत्र के अनंत मंगलकामना शुभकामना



## कृष्ण कान्त झा

ग्राम+पोस्ट- सहरी, बिरौल, दरभंगा
उत्कृष्ट वरिष्ठ संरक्षक,
मिथिलाक्षर साक्षरता अभियान

## अभिनंदन ! अभिनंदन !अभिनंदन !

**हे मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश!**
**अछि पावन भुमि मिथिला में अभिनंदन!**
**अछि तन आह्लादित, मन आह्लादित कोना करी हम वंदन!**

अनेको विद्वान/ विदूषी ,ऋषि मुनिक ई धरती मिथिला आदिकाल सँ आपन कित्तीं सँ भारतीय इतिहास के दैदीप्यमान केने छथि। मुदा एहन पावन भूमि एखनतक आपन अस्तित्व के लेल संघर्षरत अछि। एकर मुल कारण मिथिलाक भाषा आ लिपि के प्रति मैथिल चेतनाक अभाव। एखनहु हमरा लोकनि भारतीय नक्शा में मिथिला लेल आ विद्यालय में मैथिली शिक्षा लेल संघर्षरत छि। आपन मर्यादाक आपसी लेल स्थान मान सम्मान स्थापना लेल मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश विगत कएको वर्ष सं मिथिलाक्षर लिपि के जागरण हेतु अभियान चलोने अछि। लिपि के जीवंत करबाक प्रयासक अपार सफलता देखैत भाषायी जागरणक कड़ी में समग्र मिथिला में बाजय जाए वाला मैथिली जे विविध बोल के एकिकृत रुप में मैथिली अखबार जे मैथिली पुनर्जागरण प्रकाश नाम सँ प्रकाशित भय रहल अछि मैथिलक बीच ल आएलाह अछि। जे निश्चय एकटा मिल के पाथर साबित होएत आ हम विभक्त मैथिल संतान एकता के सुत्र में गथाएब। हम विशेष आभार प्रकट करै छिएन्हि समस्त मिथिलावासीके जिनका बल पर एहि अखबार के संचालक मंडल द्वारा प्रकाशनक साहसिक डेग उठाएल गेल। निश्चित रूपे मैथिलक प्रेम आ मिथिलावादी सोच एहि अखबार के मिथिलाक सर्वश्रेष्ठ दैनिक के रूप में स्थापित करताह। आउ मैथिल करी हम स्वागत, निज मायक भाषाक अखबारकें।



दिन दिन चमकत मिथिलाक पताका, करोड़ों मैथिल धेने जेकर पतवारकें ।। सादर

## उग्रनाथ झा

ग्राम+पोस्ट- यमशम, भाया-पंडौल, जिला- मधुबनी,
क्षेत्र- मिथिला, राज्य बिहार, मो. ९८५२९६२७३७

मिथिला क गौरव ओ प्रशस्त मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश, राष्ट्रीय मैथिली दैनिक अखवार क लोकार्पण पर अत्यंत हर्ष ओ गौरव क अनुभूति भय रहल अछि। एहि शुभ अवसर पर समस्त प्रवासी/मूल मिथिलावासी कें हार्दिक बधाई ओ शुभकामनाक संगहि ईश्वर सी एकर सफलतम परिचालनक कामना ओ प्रार्थना।

जय मिथिला जय मैथिली



## दया नाथ झा

गन्धवारि, मधुबनी
निवास, नवी मुंबई

## अभिनन्दन चन्दन वंदन


**समस्त मैथिलीभाषि एवं सम्पूर्ण मिथिलांचल लेल गौरव के क्षण अछि जे राष्ट्रीय मैथिली दैनिक अखबार के लोकार्पण मधुबनी सँ हुए जा रहल अछि।**





**ताहि के हम सब मिथिलांचल वासी हिस्सा बनी। एहि इतिहासिक कदम ले व्यस्थापक सहित सम्पूर्ण टीम के हार्दिक अभिनन्दन आ आभार**


## दीपक कुमार झा


तिरहुत कॉलोनी, वॉर्ड नं.२१,
नियर पानी टंकी, मधुबनी-८४७२११












ACC
Cement




















# काजल रघवानीक रेशमी केश सं चकराएल प्रशंसक केर दिमाग, इंटरनेट पर वायरल भेल फोटो



भोजपुरी सिनेमाक प्रसिद्ध अभिनेत्री काजल राघवानी अपन रूप रंग कें ल' बेस लोकप्रिय छथि। किछुए समय पहिने काजल भोजपुरी फिल्म इंडस्ट्री केर नंबर वन वन हिरोइन बनि गेल छथि। काज सोशल मीडिया पर सेहो खूब सक्रिय रहैत छथि। ओ अक्सरहां अपन प्रशंसक लोकनिक लेल फोटो आ वीडियो शेयर करैत रहैत छथि। सालक पहिल दिन काजल राघवानी अपन सोशल मीडिया अकाउंट पर एकटा फोटो शेयर केलनि अछि। फोटो मे काजल राघवानीक लहराइत रेशमी केश प्रशंसक कें खूब नीक लागि रहल छनि। ऐ फोटोक जे कैप्शन काजल द्वारा लिखल गेल अछि, ओकर सेहो खूब प्रशंसा कयल जा रहल अछि। फोटो पोस्ट करैत काजल लिखैत छथि – स्वयं केर मूल्य जनबा लेल दोसर पर निर्भर नहि रही। कोइ अहांकें अलग देख' चाहैए त' कोइ अहांकें बदल' चाहैए। तें आवश्यक अछि जे अहां छी, ओकरा स्वीकार करी। भोजपुरी फिल्म आ म्यूजिक अलबम केर व्यस्तम शेड्यूल केर बादो काजल राघवानी अपन प्रशंसक लोकनिक मनोरंजन करब नहि छोड़ैत छथि। काजल बेसी काल इंस्टाग्राम पर रील्स पोस्ट करैत रहैत छथि। काजल केर सभ वीडियो पर तीन लाख सं बेसी व्यूज अबैत रहैत छथि। अहांकें जनतब दी रवि कें अंकुश राजाक संग काजल राघवानीक नवका विदाइ गीत रिलीज भेल अछि। ऐ गीतक नाम बेटी अछि। ऐ अलबम मे अंकुश राजाक संग प्रियंका सिंह सेहो स्वर देने छथि। ऐ गीत मे काजल अंकुश केर दुल्हन केर भूमिका मे छथि। ऐ गीत कें चारि लाख 24 हजार सं बेसी व्यूज भेटि चुकल अछि।





# मिथिला आ मैथिलीक विकासक पर्याय बनल अछि मैथिल युवा : विकास झा



## मैथिल यायावर

एकटा एहेन युवा जेकर नाम ही विकास के पर्याय बनल छैक।ओ नाम थिकय विकास झाक। एक एहेन युवा जे एखुनका समय में नबका पीढ़ीक लेल रौल मौडल बूझल जा सकैछ। कबिलपुर, लहेरियासराय दरभंगा के अद्वितीय प्रतिभा के ओहि युवा के जीवन के यथार्थ किछु एहन तरहक छैक.... विकास झा पहिले एम एल एकेडमी लहेरियासराय से मैट्रिक पास केलनि। फेर, के एस कालेज, अललपट्टी दरभंगा से ओ इंटरमीडिएट केलनि। तखन ओ ग्रेजुएशन के शिक्षा दरभंगा कुंवर सिंह महाविद्यालय से वाणिज्य संकाय में प्राप्त केलनि। फेर ओ प्रतियोगी परीक्षा सभक लेल खूब प्रयास केलनि । सेना में अफसर बनबाक सपना देखनिहार युवा के ई कतय बूझल रहय जे ओकरा लेल विधना की सोचि क रखने छैक।



सेना के अफसर बनबाक लेल ओ खूब परिश्रम केलैथ।ओ लिखित परीक्षा में कतेको बेर सफल भेला उपरांत साक्षात्कर में सफल नै भ सकलाह। मुदा,ओ निराश नहिं भेलाह।ओ अपन जीवन के दशा आ दिशा के बूझय के खूब प्रयास केलैथ। तखन ओ बूझि गेलखिन जे हुनकर शौक ही हुंनकर करियर भ सकै यै। तखन ओ फ़िल्म निर्देशन में रुचि रहबाक कारण ओ ओहि दिस अपना के आगू बढौलनि। नोएडा फ़िल्म सिटी एशियन स्कूल ऑफ मीडिया स्टडीज स फ़िल्म निर्देशन के शिक्षा ग्रहण केला के उपरांत 2009 में ओ मुम्बई चलि गेलाह आ पहिल काज सहायक निर्देशक के रूप में डूंगरपुर फिल्म्स में कयलनि। ओकर बाद ओ टेलीविजन के धारावाहिक में अपन योगदान सेहो कयलनि। आ फ़िल्म निर्देशन के विधा के व्यवहारिकता के नजदीक से बुझबाक प्रयास कयलनि। फेर ओ 3 महीना लेल प्रकाश झा के फ़िल्म प्रोडक्शन कंपनी में सहायक निर्देशक के रूप में इंटर्नशिप कयलनि । प्रकाश झा के टीम में काज केला स बहुत किछु सिखबाक अवसर भेटल आ ओहि स हुंनकर आत्मविश्वास खूब दृढ़ भेलनि। फेर 2010 के उत्तरार्ध में मैथीली फीचर फिल्म मुखिया जी के लेखन छायांकन निर्देशन कयलनि। मुखिया जी फ़िल्म मैथिली सिनेमाक इतिहास में पहिल डिजिटल फीचर फिल्म अछि जकर ध्वनि विन्यास 5.1 सराउंड साउंड में रहय।




एहि फ़िल्म के निर्देशन स बहुत तरहक अनुभव भेटल। फ़िल्म में बहुत रास त्रुटि रहलाक बादो 2011 में प्रदर्शित भेल ई फ़िल्म युवा दर्शक सभक बीच अपन अलग स्थान आ पहचान बनेलक। एखन वर्तमान में ई फ़िल्म दूरदर्शन बिहार पर प्रदर्शित होयत रहैत अछि। सँगैह ई फ़िल्म बिहार सरकार सूचना जन सम्पर्क विभाग द्वारा जन प्रदर्शन के लेल सेहो चयनित केने रहय। कारण चाहे जे किछु रहल होए, मुदा ई फ़िल्म व्यवसायिक रूप से बहुत सफल नै रहल। किएक त एकर प्रदर्शन आ मार्केटिंग उचित रूप से नै भ सकलै। जयनगर, सकरी और दरभंगा के पूनम सिनेमा में भव्य प्रदर्शन भेल छल ई सिनेमा के। 2012 में यूनेस्को के सेव द चिल्ड्रन प्रोजेक्ट के तहत जनकपुर नेपाल में बाल विवाह उन्मूलन के लेल लघु फ़िल्म निर्देशित कयलनि।

फ़िल्म के नाम अछि "हम बियाह नै करब" फेर 2013 में ओ ज़ी टीवी के बिहार में लांच करै बला टीम जॉइन केलनि। अपन करियर के एकटा आवश्यक स्थायित्व देबाक क्रम में हुंनकर भेंट भेलनि अभिनेत्री रोशनी झा स।दुनू गोटे के बीच नजदीकी बढय लागल।ओ एक दोसराक भाव के बूझय में जखन समर्थ भेलाह,तखन परिणय सूत्र में बंधबाक निर्णय लेलनि। 2014 में हुंनकर विवाह भेलनि रोशनी झाक सँग। रोशनी झा असल में मुखिया जी फ़िल्म में मुख्य नायिका के रूप के काज केने रहैथ ।ताहि स ओ सब एक दोसर स परिचित भेलाह। 2014 में फेर ज़ी टीवी स रिजाइन कयलनि। किएक त बिहार में ज़ी टीवी के तरफ से कोनो ढंग के कार्यक्रम चलेबाक नीति नै रहय। ओ फेर किछु दिन विज्ञापन एजेंसी सब मे काज केलाह।

दिल्ली से ओ पुनः 2015 में सपरिवार मुम्बई आबि गेलनि। 2015 स एखन धरि मुम्बई में संघर्षरत छथि। ओ अपन मातृभाषा लेल समर्पित भ 2017 में पुनः एकटा प्रयोगधर्मी मौथिली लघु फ़िल्म कवि कल्पना बनेलनि। ई फ़िल्म अपन अलग रूपरेखा आ काव्यात्मक शैली लेल जानल जाएत अछि। हरिमोहन झाक लघु कथा "कवि जी" स प्रेरित ई मैथिली लघु फ़िल्म में रोशनी झा आ भाष्कर झा बहुत परिपक्व अभिनय केने छथि। एतबे टा नहिं कवि कल्पना 2017 में दिल्ली में मैथिली लिटरेचर फेस्टिवल में प्रदर्शित भेल रहय ।जाहि में जानल मानल मैथिली साहित्यकार सब एहि फ़िल्मक खूब सराहना कयलनि। 2019 में हिंदी फीचर फिल्म पीएम नरेंद्र मोदी में सहायक निर्देशक के तौर पर काज कयलनि। 2020 में पुनः एकटा मैथिली लघु फ़िल्म नमोनारायण निर्देशित कयलनि, जे मधुरमैथिली यूट्यूब चैनल पर प्रदर्शित भेल अछि। नमोनारायण में राजीव सिंह, भाष्कर झा आ शरत सोनू अभिनय केने छथि। इहो फ़िल्म हरिमोहन झाक लघु कथा "आदर्श भोजन" से प्रेरित अछि। 2020 के बाद स एखन तक विभिन्न विज्ञापन फ़िल्म सब करै में सक्रिय रहय छथि।आ सँगहि अपन मातृभाषा मैथिली में यूट्यूब चैनल मधुरमैथिली के माध्यम स विभिन्न तरहक हास्य मनोरंजक पारिवारिक वीडियो के निर्माण करैत छथि। जाहि वीडियो में ओ अपनहुं अभिनय करैत छथि।

विकास अपन जीवन संगिनी रोशनी झाक सँग भ क मैथिली में "अलर बलर" कार्यक्रम के संचालन सेहो करैत छथि। जे दर्शक सभक हृदय में निश्चित रूप से अपन विशेष स्थान बना रहल अछि। आजुक समय आब डिजिटल स्पेस पर कंटेंट बनेबाक छैक जे कम लागत आ कम समय मे बेसी मनोरंजक होइत छैक। एहि सोच के आधार बना ओ रोशनी झाक संगे यूट्यूब पर विशेष ध्यान केंद्रित केने छथि। जाहि स अपन मातृभाषा मैथिली में नीक स्तर के पारिवारिक कंटेंट बनैत रहय। "मधुर मैथिली" के यूट्यूब चैनल पर "लाल काकी" लॉजिकल मैथिल और "अलर बलर" विशेष लोकप्रिय कार्यक्रम चलि रहल अछि। जकर निर्देशन निर्माण संचालन विकास झा क रहल छथि।एहन मानल जाईत छैक जे मैथिली भाषा में नीक आ उच्च स्तरीय कार्यक्रम के घोर अभाव छैक। मैथिली सिनेमा के भविष्य पर प्रश्न पुछला पर जवाब दैत विकास झा कहैय छथि जे- अश्लील भोजपुरी गीतक वीडियो आ सेहो कि फूहर वीडियो सभक चलन होएबाक चलते हमर सभक यैह प्रयास अछि जे मैथिली मिथिला आ कि सगर संसार में अपन सम्मानित स्थान बनेने रहय।एकर सँग सँग ओ व्यवसायिक आ उच्चस्तरीय सेहो होए, से ताहि लेल हम ओतबे प्रयास में लागल छी।



# रजतपटलक एकटा आर मैथिल सितारा राहुल सिन्हा

**कुमार विक्रमादित्य** | मैथिली सिनेमा सजनाक आंगन मे सोलह सिंगार'क नायक रुप मे चर्चा मे आयल अभिनेता राहुल सिंहा मुम्बई मे मिथिलाक गौरव बढ़ा यहल छथि। मधेपुरा जिलाक बुधमा गाम निवासी राहुल सिंहा सहरसाक रंगमंच सँ अभिनयक आरमँभ कयलन्हि आ पुनः हिमाचल प्रदेशक मण्डी सँ विधिवत अभिनयक प्रशिक्षण प्राप्त करैत मुम्बई विदा भेलाह। प्रसिद्ध निर्देशक प्रकाश झा प्रोडक्शन'क धारावाहिक बाहुबली मे ललन सिहक जीवन्त भूमिका निभाबैत कतेको एडफिल्म सभ मे काज कयलन्हि। हिन्दी फिल्म दिलनशीं'क केन्द्रीय भूमिका कयनिहार राहुल कैं अपन मातृभूमि आ मातृभाषा सँ खूबे लगाव छन्हि। सजनाक आंगन मे सोलह सिंगार मे स्मरणीय चरित्र कैं जीवन्त करबाक अतिरिक्त कैकटा मैथिली म्यूजिक विडिओ मे सेहो हिनक सार्थक उपस्थिति छन्हि। सम्प्रति नीरज पाण्डेय , शशि वर्मा सहित कैकटा प्रसिद्ध निर्देशकक वेब सिरीज मे अवतरित भ रहल छथि। सहरसा मे अभिनय प्रशिक्षण संस्थान'क स्थापना लेल कटिबद्ध अभिनेता राहुल सिन्हा कहैत छथि जे मैथिली फिल्मक विकास सँ मिथिला विकासक बाट दिस चलत।



मुख्य कार्यालय : प्लॉट नंबर 1257, विहाइंड विंध्याचल मेमोरियल ट्रस्ट, हनुमान मंदिर रोड, सागरपुर, सकरी, जिला - मधुबनी, बिहार, पिन - 847239, संपर्क कार्यालय : मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश, राँटी रोड, १३ नंबर गुमटी कें पूरब, पुल लग, मधुबनी, बिहार, पिन : 847211, फोन : 06276291030,
Email : editorialmaithil@gmail.com, संपर्क : 06276291030, संपादक : अजय नाथ धैर्यनाथ झा।